ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№187 (22.345) • 2012 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 27, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Дэтхэнэ унагъуэми хьэрычэт хэлъын хуейщ

Гъавэр Іухьжыныр зэрекІуэкІам, республикэм и мэкъумэшыщІэхэм я мурадхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен щытепсэльыхь Іуэхуущ. Щыр къэгъэсэбэпныр иджыпсту нэхъыбэрэ зытепсэльыхь Іуэхуущ. Щыр къэгъэсэбэпныр республикэм мы зэманым дауэ щыІэтеуа?

- Дызэрыт илъэсыр зэкІэ къриклІуахэр сыт? Фи мурадхэм щыщу сыт къывэхьулІа?

- Мы гъэм дунейм и щытыкІэр тынш дыдэу зэрыщымыІам къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм гугъу зрагъэхьын хуей хьуащ, ауэ, дауэ щымытами, гъэмахуэ мазэхэм республикэм и щІыналъэм уэ хьыщехами, уэлбанэ кІыхьрэ жьапщэшхуэрэ щыІами, гъавэм и бэвагъым кІэрыхуакъым. Иджыпсту ар Іуахьжри, лэжьыгъэхэр нэгъабэ елыытауэ нэхъ псынщІэу йокІуэкІ. Іэнатіэм инноваци технологиехэр къыІэрыщагъэсэбэпым, жылапхъэфІ дыдэхэр къызрагъэсэбэпам и фІыщІэкІэ, гъавэхэкІ нэхъыщхьэхэм ящыщу крахьалІэжьым хэхъуащ. ДызыхуэкІуэ илъэс гъунэгъуэхэм кьриуфыдыдэу кьыштпущІ кьалэн нэхъыщхьэр гъавэу, Іэщхэкіыу кьалэжьым хэгъэхуэнырщ, ерыскъыхэкІэр зыгъэхьэзыр, сырьем елэжь промышленностым я ээфІэкІыр кьэІэтыныр, продукцэм и фІагъым хэгъэхуэнырщ, абы и кьэлэжьыпщІэм кІэрыгъэхунырщ икІи а щІыкІэм тету республикэм исхэр ди деж кьыщалэжьа ерыскъыхэкІ тэмэмхэмкІэ илъэс хьурейм кьыІэгъэпэщыныбым хуэІэкІуэныращ. 2012 гъэм и яп мазиблым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм мэкъумэш продукцэу сом мелард 11-м щигъу и уасэ е 2011 гъэм и апхуэдэ зэманым елытатауэ процентI 107-рэ кьалэжьащ. А бжыгъэхэм Іуэхур зытетыр нэрылъагъу кьыпщащІ икІи дэ дыщогуфъ мэкъумэш илъэсыр тэмэму кьетхьэлІэну. Ди мурадщ гъавэу, джэшхэкІыу тонн мин 750-рэ хуэдиз, хадэхэкІыу тонн мин 380-м нэблагъэ, кІэрТІофу тонн мин 250-рэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ зэмылІэужьыгъуэу тонн мин 85-рэ, нэгъуэщу жьапІэмэ, нэгъабэ елытауэ ику иту процентI 3-5 хуэдизкІэ нэхъыбэ кьетхьэлІэжьыну. Апхуэдэу Іэщым кьыпытх хьэрым хэдгъэхъуэну икІи быдымылу, джэдкьазылу тонн мин 85-м нэблагъэ, гъэшу тонн мин 440-м щІигъу кьэдлэжьыфыну догугъэ.

- Технологие пэрытхэр кьагъэсэбэпурэ зэфІэкІыпшхуэ къэзыгъэлъагъуэхэр, Іэнатіэм щыпащэхэр фи щІыналъэм щы?

- Іэнатіэм унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу зыбжанэм тету зеужь. Абыхэм ящыщщ лышхуэ зыщІ, гъэшышхуэ кьызыщІэкІ Іэщ лІэужьыгъуэхэр зехьэныр, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэжькІ кьехьэлІэныр. А Іэнатіэ псоми программэ хэхаэр щагъэзащІэ икІи абыхэм ябкъ иткІэ ухуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ, лажьэу щыІэ Іэнатіэхэр кьагъэщІэрэщІэж. Зыубгъуауэ кьагъэсэбэп иджырей технологиехэр: шпалерэхэр, къэкІыгъэхэм зэпымыууэ псы щІэгъэткІуэныр, гидропоникэр, хадэхэр уэм щызыхьымэ хьархэр тепхъуэныр. Иужь ильэсхэм лажьэу яутІыпщащ газ зэмылІэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпурэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ щызэрахьэ хьуманІэхэр. Іэщ гъэхъуныр и гугъу пщІымэ, иджы нэхъыбэу Іэщ лъэпкьыфІэкІэр, мы Іэнатіэм кьыщагъэсэбэп иджырей оборудованэр нэгъуэщІ кьэралхэм кьыщащэху. Хэхаэр предприятэ гуэрхэр кьыхэзымыгъэщу жысІэну сыхуейщ - иджырей технологиехэр хэмыту Іэнатіэм дяпэкІэ зыпхуегъэужьыныкъым, ар республикэм и мэкъумэшыщІэхэм фІыуэ кьагуроІуэри, щІэуэ, хьер кьызыІэпхуну щыІэ кьэхутэныгъэ псори кьызэрагъэсэбэпныным хущІокІуэ.

- Урысейр ВТО-м зэмыхьыкьам кьыхэкІыу адэкІэ сыт фи мурадхэр? Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэр Европэмрэ Америкэмрэ я мэкъумэшыщІэхэм япеуэфыну?

- Дунейпсо сату организацэм дызэрыхьыхьам мэкъумэш Іэнатіэм и Іуэху адэкІэ зэрыхъунур куэдкІэ елыытауэ щытынущ. ВТО-м кьнгъэувхэм ящыщ куэд дэ кьэтлъытагъ 2013 - 2020 гъэхэм ди мэкъумэш хозяйствэм зэрызиужьыну къэрал программэр щызэхэтІлъхьэм. Иджы дэ кьыптпэщытщ нэхъ уэытешынысхьыпхъэ Іуэхухэр зэхэдгъэкІыу абыхэм кьытхуахьынкІэ хьуну хэщІыныгъэхэр зэрыдгъэмэщІну Іэмалхэр дыубзыхуну. Дауэ щымытми, кьэхьуар кьэхъуащи, лъэхьэнэщІм дызэрыхэззгъэным дихущІэкъун хуейщ. Уасэхэм зэрызахьуэжьынур, Урысеймрэ щынальэхэм я мэкъумэшыщІэхэм мы зэпеуэм зэрыхуэхьунур иджыпсту жыІэгъуейщ, ауэ ВТО-м и «матэ» «гъуэжь», «удыфэ» жыхуаІэхэм кьриубыдэу кьэралыр мы Іэнатіэм зэрыдэІэпыкъунум кьыхэкІыу ди мэкъумэшыщІэхэм зэхьуэжьІныгъэхэм я лъэхъэнэр тэмэму кьызэрагъэнэкІыфыну дыщогугъ.

- Мэкъумэш щІапІэхэм тэмэму къэгъэсэбэпныр иджыпсту нэхъыбэрэ зытепсэльыхь Іуэхуущ. Щыр къэгъэсэбэпныр республикэм мы зэманым дауэ щызэтеуа?

- Мэкъумэш щІапІэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэрал мылькум е муниципальнэ мылькум хиубыдэхэр ІыхьхэмрэІ юридическэ Іэнатіэхэмрэ бэджэнду щыр илъэс 49-м щІимыгъэкІэ. Абы теуха зэгурыІуэныгъэхэр щатхкІэ, бэджэнду щыр кьэзыщтэм кьалэн зыщещІыж ирагъэбыдыпІа щы Іыхьэр зыхуахаха мурадхэм тету кьигъэсэбэпыну, ар зэпымыууэ игъэпшэныну, экологие щытыкІэр щызэІыхьэ кьимыгъэхьуну. Апхуэдэу мэкъумэш щІапІэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэрал мылькум хиубыдэхэр кьызэрагъэсэбэпым кІэльыплъын папщІэ республикэм и Правительствэм ведомствэхэм эздай комиссэ кьызэригъэпэщащи, ягъэува графикым тету абы щІыпІэ-щІыпІэкІэрэ кІуэурэ Іуэхур зытетым щыгъуаэз зещІикІи апхуэдэ къэщцытэныгъэхэм кьаурикІуахэр Правительствэм и пащхьэ ирельхьэж. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ иджыпсту текьузауэ дозлэжь щІыр уней мылку зэрытщІыну Іэмалхэр кьэхутэным. Нэхъ япэкІэ жылагъуэ псор хэту республикэм щытепсэльыхьащ щІыр къэгъэсэбэпныным пыщІа Іуэхухэм. Абы щыІуэ щІыхуэм я нэхъыбапІэр щыр уней мылькуу щытыным и телъхьэу кьэуващ. Кьэбэрдей-Балькъэрыр щІыр кьызэмэщІэкІ щІыналъэщ, абы кьыхэкІыу ар уней мылку щыныр политикэ Іуэхум щыхуагъакІуи кьохьу. Абы кьыхэкІыу дэ дыпІащІэу дыхэмыльадэу, псори зэпэтшэчын икІи дэтхэнэ лъэныкъуэри арэзы зытехьэн хэкІыпІэ кьэдгъэуэтын хуейщ. Щэч кьызэтУмыхьжынур зыщ - щІыр фІэкІыпІэ имыІэу уней мылку хъунущ, арыншауэ агропромышленнэ Іэнатіэм тэмэму зиужьынукъым.

2012 гъэм фокІадэм и 25-м кьыдэкІа «Сельская жизнь» газет, №70.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэралым и хьэкъкІэ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэкІэ, лъырэ лъыпсэр (плазма) зытхэм ахъшэ зэрыхухахыну, ахэр пщІэнпэу зэрагъэпэхэну щІыкІэр кьаштащ.

УЗЫНШАГЪЭР хьуманымкІэ министрым и кьуэдзэ **Уэрэн Аслъэн** зэрыжиІамкІэ, лъы ятын и пэ кьихуэу, пщэдджыжьым мащІэу ирагъэдзэкъэнущ, хаша нэужь шэджагъуашхэ тэмэм ирагъэщІынущ. Лъырэ лъыпсрэ пщІэнпэу зытхэм сом 270-рэ, пщІэкІэ зытхэм сом 220-рэ хухахыну ягъэуващ. Донор жьджэрхэм лъы миллиграммиу 100 кьэс тумэн 12 иратынущ, изонимуниэ лъыпсу (плазмэ) миллиграммиу 100-м - сом 240-рэ, лъыпс (плазмэ) миллиграммиу 100-м - сом 235-рэ, плазмаферез зэ егъэщІыгъуэм сом 295-рэ хуэзэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ Іапі Э.

Сом меларди 4-рэ мелуани 133-м щІигъу хухах

КъБР-м и Правительствэм кьыщІащ «2012 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым пыс хозяйствэмкІэ и комплексым зэрызиужьынур» республикэ программэ хэхар.

ЩІЫУЭПСЫМ и хьуГъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министерствэм игъэхъэзыра Программэм и кьалэн нэхъыщхьэр щыхуэхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм и Іэнатіэхэмрэ псыкІэ кьызэрэгъэщынырщ, псыдзэхэм, псым кьишынкІэ хьуну нэгъуэщІ кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ахэр ящыхъумэнырщ. Абыхэм япкъ иткІэ, зэрыщаухъумэ инженер ухуэныгъэ зыухуэнухэм, зэрагъэпщщыжьынуэм объект 19, кьызыхуэтыншІэу ремонт ящІыну гидротехникэ ухуэныгъэхэм 12 кагъэхьащ. Апхуэдэу Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэм псы хьуманІэм и каскад щащІынущ.

Программэр федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хьэкъкІэ ягъэзэщІэну я мурадщ. Пэублэу кьызэрабжамкІэ, псори зэхэту а Іуэхугъуэхэм сом меларди 4-рэ мелуани 133-рэ мин 648-рэ хуэзэнущ. Сом меларди 3-рэ мелуан 591-р федеральнэ бюджетым кьызэкІынущ, мелуан 542-рэ мин 252-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылькущ.

ХЬЭМДЭХЪУ Суреи,
КъБР-м ЩІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхуущ Іапі Эм и лэжьакІуэ.

Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым жэщми махуэми щолажьэ пІэщІэгъуэкІэ уздэпсалъэ хьуну телефон. АбыкІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм законодательствэр зыкъэзрыцыкІэ зэпэуэдым теуху хъыбархэр евгъаш Іэ, фызыхуеинухэмкІэ фІычэнджащэ хъунущ.

Телефоным и номерыр: **40-85-30**

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхуущ Іапі Э.

● Аруан куей

ПсыкІэ къыззрагъэпэщ

Псыгуэнсу къуажэм псы зэрикІуэ бжьамийхэр щІэкІэ щызэрахьуэкІ.

МЫ ЖЫЛАГЪУЭМ и «Водоканал»-м и унафэщІ Лэскэн Аслъэн кьызэрыджиІамкІэ, бжьамийхэр кьхаэх зэрыхъуам кьуажэдэсхэм гугъуэхь кУэд кьахуехь. Ахэр щыщІалъхьауэ щытар 1962 - 1963 гъэхэрщ. Абы пІандэрэ кьагъэсэбэпа псы жапІэхэр зэбгъэпэщыжкІи, ахъшэр лейуэ тебгъэкІуадэ мыхьумэ, мыхьэнэ лъэпкъ зэримыІэнур гурыІуэгъуэщ. Псом нэхъыбэ нэхъ шынагъуэр сэкъат зыгъуэта бжьамиижьхэм, псы кьабзэкІи уащыгугъ мыхъуу, фІей зэрыкІуэрщ.

Дызэрыт фокІадэ мазэм насосыщІэхэр ирагъэувэжынущ. Лэжьыгъэ псори зэфІагъэкІа нэужь, кьуажэдэсхэм псы кьабзэр хуитУ яІэрыхьхьнымі и мазакъуэу, нобэр кьызэдэсым бжьамийхэр гуэнгъуу зэмыкІуэлІа хьэблэхэри кьызззащІаубыдэнущ.

УнафэщІым щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щекІуэкІ адрей жылагъуэхэм елыытауэ Псыгэнсум нэхъ зэманышхуэ щытокІуадэ, абы щызэрахъуэкІ бжьамийхэр хэпщІыкІыу зэрынэхъ иным кьызэкІыу.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Пхъэщхьэмыщхьэр къыпачыж

● Май куей

«Ленинцы» мэкъумэш хозяйствэм пхъэщхьэмыщхьэр кьрехьэлІэж.

ГЕКТАРИ 172-рэ зыубыд пхъэщхьэмыщхьэ хадэм щыщу гектар 60-м нэблагъэ кьыщІэрэ пхъэгулъэщ, адрейр мыІэрысэрэ кхъужьрэщ. Пхъэщхьэмыщхьэ пасэмрэ кьыпщІэ лІэужьыгъуэхэмрэ кьыпачыжащ. Иджы мыІэрысэ кІасэм иужь итщ. Мы зэманым ирихьэлІэу тонн 344-рэ ягъэхьэзыращ. Лэжьыгъэр, гъэ кьэси хуэдэу, кьэзыхьэлІэр пІалъэкІэ кьащтэ лэжьакІуэхэрщ. Ахэр нэхъыбэу кьыздикІыр Прохладнэ кьалэмрэ Котляревскэ жьылагъуэмрэщ.

Мы хозяйствэм и жыг хадэхэм егъэщІылІа техникэр кьызэхуэтыншэу зэрыщІытым лэжьыгъэр лъэныкъуэ куэдкІэ кьащтэгъэпсыщІэ. Кьащтэмэ, иджыпсту бжьыхьэ лэжьыгъэхэм пэрытщ трактор кьудейуэ 9.

СХПК-м пхъэщхьэмыщхьэхэр тыншу елъэ, щэхуакІуэхэм пасэу зэрагурыІуам и фІыгъэкІэ. Апхуэдэу предприятэр илъэс куэд хуэдизкІэ ядолажьэ Москва, Санкт-Петербург, Пермь, Омск, Новосибирск кьалэхэм. Мэкъумэш предприятэм мы гъэм щІэхьэу зызыхуежь мыІэрысейуэ гектар 30 хисащ. Дяпэ илъэситІкІэ абыхэм кьапыкІэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахьм, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралъхьым е илъэхьыну зэрызагъэхъэзырым теуха хъыбархэм фыщыгъуаззмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм щхьэкІэ

Федеральнэ пощт эпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и Іуэхуущ Іапі э псоми етІанэгъэ и яп илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьынухэм Іэ трегъэдэным щыщІадзащ 2012 гъэм фокІадэм и 1-м.

Фыдэхьхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и яп илъэс ныкъуэм къебгъэхьыну Іэ щытевдзэ хъунущ ахэр и чэзум уэрэд ныкъуэкІэ е пощт эпыщІэныгъэмкІэ Іуэхуущ Іапі эхэм къыщыввэзытыжыну щэсыпІэу къыув пощт Іэнатіэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ зэрыщыщІадзым пыщІа Іуэху псоми пощт эпыщІэныгъэмкІэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм щхьэхуэу фыхагъэгъуэзэнущ.

Іэ тедзэнкІ фымыгъэгувэ, и кІэ дыдэм нэвмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Ди щІэджыкІакІуэ пщІэ зыхуэтщІхэ!

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхуущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

Хуабэмрэ щІыхуэхэмрэ

Мы гъэм унэхэр гъэхуэбэныр щыщІадзэну пІалъэр щІыпІэхэм щызэтехуэну къыщІэкІынкым. Ар УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий щыжиІащ дыдыдаэ пригъкІуэкІа селектор зэІущІм. Абы кьызхитьащІуэхьхьКІащ щІыналъэшхуэ зыІыгъ ди къралым псоми щызэхуэдэу щІымахуэр кьызэрыщымыхьэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, Къуэкіыпіэ Сыбырымрэ ищхьэрэ лъэныкъуэмрэ ар щІалъ кІыхькІэ щызэщхьэщокІ.

ЗэІущІэм кьыщІэтащ ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм епха гукъеуэхэри. Псалъэм папщІэ, мы Іэнатіэр хуабжьу гугъу ирегъэхь щІыхуэхэм щІыхуэшхуэ зэрателъым. «Зыгурэхэм ягу, адрейхэм ямыгу зыкнкым, ар захуагъэхьымо», - кьыхиГъэщхьэхуКІащ Премьер-министрым. Абы жиІащ уасэу итым хуейм теухауэ дэтхэнэми и эфІэкІыр къэлъытэн хуейуэ, абы тещІыхьауи щытпхъэщ судым и унафэри.

Зыми пиубыд хъунукъым

Диныр зи фІэщ хьухэм зыри япрыуэ хъунукъым. Зыри хуиткым абыхэм я фІэщхъуныгъэр хаутэну. Ар кьыщыгъэлъэгъуащ Къэрал Думр зыхилъэ законопроектым.

Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, диныр зи фІэщ хьухэр зыгъэпудэр илъэсищ тралъхьэу ягъэтІыс, сом мин 300-кІэ етхьэкъу хъунущ.

Урысейм хуабжьу кьытехьущІыхьми...

США-м и республикэ партым Президент къулыкъым щІэбэныну игъэлъэгуа Ромни Митт Урысейр сым и къэралым и пыкъуэкъэгъуэ ищхьэхуэу кьилыпІуэ жиІэми, ар иджыри кьыздсым д ди лэдуэ кьытпынПІуэ щыгъащ.

Псалъэм и хьэтыркІэ, Ромни урысей компаниехэм ахъшэ кьыхилъхьащ. Акцэ кьищэхуэкІэ президент хэхьныгъэхэр кьыщыблагъэм ищэжащ, езым и фейдэ хэльу.

КъыхэкІынкІэ хъуну?

Испаниер гуэзвгъуэ хэтщ. А къэралым хэкІыну хущІокъу Каталоние щІынальэр. Ащхуэдэу хьумэ, Евросоюз псом и Іуэхуэр зэІыхьэнущ.

Сыт хуэдэу щымытами, Каталонием мы зэманым щыщІохуабжьэ Испанием хэкІыным теухуа зэщІэзыхееныгъэр.

Іуэхуэр зэрыхъунур щызэхэкІынур мы гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м щІыналъэм щекІуэкІыну хэхъныгъэхэм я ужьхІэщ.

НОБЭ

t Туризмым и дунейпсо махуэщ. 1980 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ. Мы махуэм Урысейм щат ТуризмымкІэ «Турист Олимп» лъэпкъ саугъэту Сенкевич Юрий и цІэр зэхьыжащ.

t **ГъэсакІуэмрэ зи школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийхэр щаІыгъ Іуэхуущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэмрэ я махуэщ** t 1863 гъэм фокІадэм и 27-м Санкт-Петербург кьыщІэуахащ Урысейм щыяпэ сабий садыр.

t Илъэс 75-рэ и пкІэ (1937) кьызэрагъэпэщащ Тамбов, Орел, Смоленск областхэр.

t Илъэс 70 и пкІэ Сталинград папщІэ зэхъуэгъуащІэхэр щекІуэкІым сержант Павлов Яков и гупым ихъумэн щІидащ «Павловым и унэуэ» тхьдэм кьыхэнар. Ар хъуащ лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ.

t ФокІадэм и 27 - 28-хэм Ялтэ (Кьрым, Украинэ) щекІуэкІынущ СНГ-м хэт кьэралхэм я правительствэхэм я унафэщІхэм я Советым и зІуПІэрэ я кьэралхэм я бизнес-форумрэ.

t ФокІадэм и 27 - 28-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ СНГ-м хэт кьэралхэм я парламент ассамблеем кьызэригъэпэщ «ГъащІэр хьумэн папщІэ гъуэгухэм щысакьыпи» IV къэрал зэхуаку конгрессыр.

t ФокІадэм и 27 - 29-хэм Киев щекІуэкІынущ «Бзэмрэ щэнхабзэмрэ» XXI къэрал зэхуаку щэныгъэ конференцыр.

t 1933 гъэм кьалъхуащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэцхъуэжь Рансэ.**

t 1965 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Кьущхьэбий Анзор.**

ПІалъэгъэ зыхэхьхьэрыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Ущіегъуэжьнумэ - умыщІэ, пщІамэ - ущІемыгъуэж.

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Дэтхэнэ унагъуэми хьэрычэт хэлъын хуейщ

Гъавэр Іухьжныр зэрекІуэкІам, республикэм и мэкъумэшыщІэхэм я мурадхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен щытепсэльыхь Іуэхуущ. Щыр къэгъэсэбэпныр иджыпсту нэхъыбэрэ зытепсэльыхь Іуэхуущ. Щыр къэгъэсэбэпныр республикэм мы зэманым дауэ щызэтеуа?

- Дызэрыт илъэсыр зэкІэ къриклІуахэр сыт? Фи мурадхэм щыщу сыт къывэхьулІа?

- Мы гъэм дунейм и щытыкІэр тынш дыдэу зэрыщымыІам къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм гугъу зрагъэхьын хуей хьуащ, ауэ, дауэ щымытами, гъэмахуэ мазэхэм республикэм и щІыналъэм уэ хьыщехами, уэлбанэ кІыхьрэ жьапщэшхуэрэ щыІами, гъавэм и бэвагъым кІэрыхуакъым. Иджыпсту ар Іуахьжри, лэжьыгъэхэр нэгъабэ елыытауэ нэхъ псынщІэу йокІуэкІ. Іэнатіэм инноваци технологиехэр къыІэрыщагъэсэбэпым, жылапхъэфІ дыдэхэр къызрагъэсэбэпам, ар Іуахьжри, лэжьыгъэхэр нэгъабэ елыытауэ нэхъ щыщхьэхэм ящыщу крахьалІэжьым хэхъуащ. ДызыхуэкІуэ илъэс гъунэгъуэхэм кьриуфыдыдэу кьыштпущІ кьалэн нэхъыщхьэр гъавэу, Іэщхэкіыу кьалэжьым хэгъэхуэнырщ, ерыскъыхэкІэр зыгъэхьэзыр, сырьем елэжь промышленностым я ээфІэкІыр кьэІэтыныр, продукцэм и фІагъым хэгъэхуэнырщ, абы и кьэлэжьыпщІэм кІэрыгъэхунырщ, абы и кьэлэжьыпщІэм ящыщу Іуэхуэр зытетыр нэрылъагъу кьыпщащІ икІи дэ дыщогуфъ мэкъумэш илъэсыр тэмэму кьетхьэлІэну. Ди мурадщ гъавэу, джэшхэкІыу тонн мин 750-рэ хуэдиз, хадэхэкІыу тонн мин 380-м нэблагъэ, кІэрТІофу тонн мин 250-рэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ зэмылІэужьыгъуэу тонн мин 85-рэ, нэгъуэщу жьапІэмэ, нэгъабэ елыытауэ ику иту процентI 3-5 хуэдизкІэ нэхъыбэ кьетхьэлІэжьыну. Апхуэдэу Іэщым кьыпытх хьэрым хэдгъэхъуэну икІи быдымылу, джэдкьазылу тонн мин 85-м нэблагъэ, гъэшу тонн мин 440-м щІигъу кьэдлэжьыфыну догугъэ.

- Технологие пэрытхэр кьагъэсэбэпурэ зэфІэкІыпшхуэ къэзыгъэлъагъуэхэр, Іэнатіэм щыпащэхэр фи щІыналъэм щы?

- Іэнатіэм унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу зыбжанэм тету зеужь. Абыхэм ящыщщ лышхуэ зыщІ, гъэшышхуэ кьызыщІэкІ Іэщ лІэужьыгъуэхэр зехьэныр, хадэхэкІ кьехьэлІэныр. А Іэнатіэ псоми программэ хэхаэр щагъэзащІэ икІи абыхэм ябкъ иткІэ ухуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ, лажьэу щыІэ Іэнатіэхэр кьагъэщІэрэщІэж. Зыубгъуауэ кьагъэсэбэп иджырей технологиехэр: шпалерэхэр, къэкІыгъэхэм зэпымыууэ псы щІэгъэткІуэныр, гидропоникэр, хадэхэр уэм щызыхьымэ хьархэр тепхъуэныр. Иужь ильэсхэм лажьэу яутІыпщащ газ зэмылІэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпурэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ щызэрахьэ хьуманІэхэр. Іэщ гъэхъуныр и гугъу пщІымэ, иджы нэхъыбэу Іэщ лъэпкьыфІэкІэр, мы Іэнатіэм кьыщагъэсэбэп иджырей оборудованэр нэгъуэщІ кьэралхэм кьыщащэху. Хэхаэр предприятэ гуэрхэр кьыхэзымыгъэщу жысІэну сыхуейщ - иджырей технологиехэр хэмыту Іэнатіэм дяпэкІэ зыпхуегъэужьыныкъым, ар республикэм и мэкъумэшыщІэхэм фІыуэ кьагуроІуэри, щІэуэ, хьер кьызыІэпхуну щыІэ кьэхутэныгъэ псори кьызэрагъэсэбэпныным хущІокІуэ.

- Урысейр ВТО-м зэмыхьыкьам кьыхэкІыу адэкІэ сыт фи мурадхэр? Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэр Европэмрэ Америкэмрэ я мэкъумэшыщІэхэм япеуэфыну?

- Дунейпсо сату организацэм дызэрыхьыхьам мэкъумэш Іэнатіэм и Іуэху адэкІэ зэрыхъунур куэдкІэ елыытауэ щытынущ. ВТО-м кьнгъэувхэм ящыщ куэд дэ кьэтлъытагъ 2013 - 2020 гъэхэм ди мэкъумэш хозяйствэм зэрызиужьыну къэрал программэр щызэхэтІлъхьэм. Иджы дэ кьыптпэщытщ нэхъ уэытешынысхьыпхъэ Іуэхуэхэр зэхэдгъэкІыу абыхэм кьытхуахьынкІэ хьуну хэщІыныгъэхэр зэрыдгъэмэщІну Іэмалхэр дыубзыхуну. Дауэ щымытми, кьэхьуар кьэхъуащи, лъэхьэнэщІм дызэрыхэззгъэным дихущІэкъун хуейщ. Уасэхэм зэрызахьуэжьынур, Урысеймрэ щынальэхэм я мэкъумэшыщІэхэм мы зэпеуэм зэрыхуэхьунур иджыпсту жыІэгъуейщ, ауэ ВТО-м и «матэ» «гъуэжь», «удыфэ» жыхуаІэхэм кьриубыдэу кьэралыр мы Іэнатіэм зэрыдэІэпыкъунум кьыхэкІыу ди мэкъумэшыщІэхэм зэхьуэжьІныгъэхэм я лъэхъэнэр тэмэму кьызэрагъэнэкІыфыну дыщогугъ.

- Мэкъумэш щІапІэхэм тэмэму къэгъэсэбэпныр иджыпсту нэхъыбэрэ зытепсэльыхь Іуэхуущ. Щыр къэгъэсэбэпныр республикэм мы зэманым дауэ щызэтеуа?

- Мэкъумэш щІапІэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэрал мылькум е муниципальнэ мылькум хиубыдэхэр ІыхьхэмрэІ юридическэ Іэнатіэхэмрэ бэджэнду щыр илъэс 49-м щІимыгъэкІэ. Абы теуха зэгурыІуэныгъэхэр щатхкІэ, бэджэнду щыр кьэзыщтэм кьалэн зыщещІыж ирагъэбыдыпІа щы Іыхьэр зыхуахаха мурадхэм тету кьигъэсэбэпыну, ар зэпымыууэ игъэпшэныну, экологие щытыкІэр щызэІыхьэ кьимыгъэхьуну. Апхуэдэу мэкъумэш щІапІэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэрал мылькум хиубыдэхэр кьызэрагъэсэбэпым кІэльыплъын папщІэ республикэм и Правительствэм ведомствэхэм эздай комиссэ кьызэригъэпэщащи, ягъэува графикым тету абы щІыпІэ-щІыпІэкІэрэ кІуэурэ Іуэхур зытетым щыгъуаэз текьузауэ дозлэжь щІыр уней мылку зэрытщІыну Іэмалхэр кьэхутэным. Нэхъ япэкІэ жылагъуэ псор хэту республикэм щытепсэльыхьащ щІыр къэгъэсэбэпныным пыщІа Іуэхуэхэм. Абы щыІуэ щІыхуэм я нэхъыбапІэр щыр уней мылькуу щытыным и телъхьэу кьэуващ. Кьэбэрдей-Балькъэрыр щІыр кьызэмэщІэкІ щІыналъэщ, абы кьыхэкІыу ар уней мылку щыныр политикэ Іуэхум щыхуагъакІуи кьохьу. Абы кьыхэкІыу дэ дыпІащІэу дыхэмыльадэу, псори зэпэтшэчын икІи дэтхэнэ лъэныкъуэри арэзы зытехьэн хэкІыпІэ кьэдгъэуэтын хуейщ. Щэч кьызэтУмыхьжынур зыщ - щІыр фІэкІыпІэ имыІэу уней мылку хъунущ, арыншауэ агропромышленнэ Іэнатіэм тэмэму зиужьынукъым.

2012 гъэм фокІадэм и 25-м кьыдэкІа «Сельская жизнь» газет, №70.



Іэмалыщіэхэм зыхагъэгъуазэ

● Тэрч куей

Нужьрей итъэситІым Тэрч районым илъэс куэдкІэ кьызыпыкІэ, псыкІэ ущІэуэ зызыужь жыгъащІэхэр гектар 50-м щыхасащ. А Іуэхуэм зезыт дэтхэнэмэ щІы Іыхьэхэр хупач, кредит кьыІахьнымкІэ ядоІэпыкъу. Псынщіэу кьызэщІэрыуэ жыг хадэхэм зегъэужьыным тещІыхьа нуиципальнэ программэ хэха ягъэхъэзырынурэ етІанэгъэ кьащтэнущ.

ЖыГ хадэхэр зэрагъэтІыс технологиещІэхэр яджьи мурадкІэ, Арыкъ кьуажэм щІыр бэджэнду щызыбыгъ «Три-А» ООО агрофирмэм Іэщащагъэлі 50-м щІигъу зыхэта район семинар щрагъэкІуэкІащ. Италием и технологием тету агрофирмэм щызэрахьэ хадэм гектар 25-рэ еубыд. Сатырхэр зэдыщІэкІыну захуэ дыдэу пъэнкьыуэ псомкІи щызэхуэтъэкІуащ, гектар кьэс жыгыщІэ минищ тетщ, я кІыхьагъым кІуэцІрыкІ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ

Политикэ

Махуэ къу

Кавказ Ищ хъэрэ

Жылагъуэ Іуэху

● Гъавэ

Гъэтылъыгъэхэм хощі

Урысейм и гъавэ гъэтылъыгъэхэм хощ. ФокІадэм и пэщІдзэм аэр нэгъабэ ельытауэ процент 20-кІэ нэхъ мащІэщ.

ГЪАВЭРИ мы гъэм бзэкъым.

Арщхьэкіэ абы и зэранкІэ уасэхэр дзуеинкъым икІи нэгъэщІ къэралхэм етІщэр нэхъ мащІэ хъунукъым, къыджаІэ ІэщіагъэлІхэм.

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым кІыхьэрытымкІэ, мэкъумэщ Іуэхущапіэхэм я гъавэ гъэтылъыгъэхэм процентн 6,1-рэ кІэрыхуащ.

- А бжыгъэм ижь щыІкунущ гуэдзми нэгъуэщІ ерыскъыпхъэхэми я уасэхэм, - жеІэ Урысей гъавэ зэгухьанымрэ и вице-президент Корбут Александр. - Ауэ абы и закъуэкъым уасэм щІыхь-хъуэнум и щхьэусыгъэр; ильэсым и кІэр нухунущ а уасэхэр инфлядзм процентн 2-кІэ яІэ ящІауэ. Нэгъуэщу джыпІэмэ, уасэхэр процентн 9-кІэ дэкІуеинущ.

Уасэхэр зыкъомкІэ зэтраІыгъэфынущ нэгъуэщІ къэралхэм къраш ерыскъыпхъэхэм. Мы зэманым ди валютэм зеуэзащІ, абы и импортым текІуадэр егъэмащ.

«Ерыскъыпхъэхэр гъаПэ мыхъунырэ къыхэкІынущ ВТО-м дызэрыхьхьами - ди къэралым ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшІыпхэмрэ къращэным щІат пошлинэр ехуэхъунущ», - жеІэ Корбут. Дэ пруныжи нартыхуэм къэтІущэхунущ къыщІэкІынущ. Ауэ ахэр куэдынукъым - тонн мелуанитІым щІигъунукъым.

Гъавэ гъэтылъыгъэхэр зыхуэдизми дыщІытегущыІэхьхьи щыІэкъым. Дэ къыдгуроІуэ ми гъэм гуэдзу къетхъулІар щІэнэхъ мащІэм и щхьэусыгъуэхэр. «Нэгъабэ гъавэ бзэ къетхъэІащ, абы къыхэкІыуи гъэтІылъытыгъэхэр нэхъыбащ», - къыдгуригъэІуащ ІэщіагъэлІым. 2011 гъэм мэкъумэшыщІэхэм гъавэ тонн мелуан 94-рэ къраухьэлІащ. Мы гъэм нэхъ мащІэщ. Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Федоров Николай хуегъэфащэ «псори зэхэту гъавэ тонн мелуан 72-73-рэ хуэдизэ хъуну».

Нэхъыпэм министерствэм щыжаІат тонн мелуан 70-75-рэ къытрахыну. Федоровым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, нэгъабэ кІыддэхуа тонн мелуан 20-р хальхъэжмэ, щІакхъуэншэу дыкъэмынэным и мызакъуэу, нэгъуэщІ къэралхэм гуэдз тонн мелуанти 10-14 етІущ. Корбут Александр жеІэ Урысейр гъавэу тонн мелуан 68-рэ нэхъыбэ хуэмеину.

МАРКЕЛОВ Роман.
«Российская газета».

● Хэхъныгъэхэр

Зыми гукъанэ имыщІын хуэдэу

Урысейм и щІыналъэ, муниципалитет псоми мы гъэм щекІуэкІыну хэхъныгъэхэм Іэ зэрыщагъэІэт щІыкІэр Интернеткіэ тІльагъунущ. Абы теухуа унафэ УФ-м и Правительствэм кІыдигъэкІащ.

КЪЭРАЛЫМ и щІыналъхьэм хабзэгъэув зэхуэсхэм я депутатхэр, тхум - губернаторэр щыхахынущ, бІыщІэх хым - муниципальнэ хэхъныгъэр щекІуэкІынущ 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м. А зэманым ирихьэІэу агъэувыжыкІ уеІыгу президент хэхъныгъэхэм яужькІэ фІахьыжауэ щыта веб-камерэхэр. Зэкъэ Іэмэсымэхэр «Ростелеком»-м и складхэм щахъумэ.

УФ-м Коммуникацэхэмрэ связымкІэ и министерствэм щыжаІэ хэхъныгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ зыхуеину псорэ хьэзыру. Правительствэм и унафэкІэ ягъэбелджылащ Іэхэтхъэбзэхэр зыщІынур - ар «Ростелеком»-рщ. Щынальхэхэм я гъэззщІакІуэ властхэм хуагъэпэтуауэ а Іэхэуцапіэм и лэжьакІуэхэр хэхьапІэ участкэхэр къыщІэзІуахыну щыІпІэхэм щІагъэкІэну, абыхэм я кьалэныр ягъэзэщІэн папщІэ сыт и лыжьыкуэкІи ядэпІкьыкуну.

«Российская газета».

Урысейм и МИД-м американ лъэныкъуэм хьыбар иригъэщІащ США-м къэрал зэхуэку зыужьыныгъэмкІэ и агентствэм (АМР) Урысейм щрирагъкІуэкІ лэжьыгъэр мы гъэм жпэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу игъэувыІэн зэрыхуеймкІэ.

● Къаугъэ

Щылэжьэну хуиткъым

«АПХУЭДЭ унафэ къащтэныр къыхэкІащ агентствэм ди къэралым щриГъэкІуэкІ Іуэхухэр лъэныкъуитІ гуманитар зэдэлэжьэныгъэм щІэтэжьауэ хуэхъуным хуэгъэзауэ нэхъапІэм жьауІам зыкІи зэрытемыхуэм, - кьыхигъэщхьэхукІащ МИД-м и лэжьакІуэ Лукашевич Александр. - Зи гугъу тщІыр ахьшэжь политикэ Іуэхухэм уеблэмэ хэхьныгъэхэм, кьыхэІэбэну зэрыхуущІэкьурщ. АМР-м Урысейм и щІыналъэхэм, псом хуэмыдэу Кавказ Ищхьэрэм, и Іэнэ зэрытригъэтым куэдым урегьэупсыс. Ар дэжьеІащ ди американ лэжьэгъуэм».

Урысей дипломатым и псалъэхэм ятепщІыхьауэ, УФ-р и джы яхьихьащ «доноРИЛЬСКИЙ Владислав.
«Комсомольская правда».

Хрущев и иужьрей ильэсиблыр

● Жыжьэ - гъунэгъу

И къулыкъум трагъэкІа нужь, СССР-м и унафэщІу щытар Москва и гъунэгъу къыщрата дачэм къыдэмыкІыу дэсащ. Абы щхьэусыгъуэ пыухыкІаэр нэт...

НэгъуэщІ щыпІэ кІуэ хъунукъым

НИКИТЭ зэн Кремлым щыпсэуакъым. ЦК-м и Япэ секретарь нкІи Правительствэм и Іэтащхьэ хуэа нужь, абы и жьІэм тету, Лениныбгъэм щащІащ унафэщІ нэхъыщхьэхэр зыщІэсыну нэхуардэхэр. Псори дачэ тепльэм ещхьт: щІышхъэ яІыгъ, ихъуреягъкІэ щхъуантІагъэт, Москва псыри гъунэгъуэ ежэхт...

Лениныбгъэм щиІэ уардэуиэм Хрущев къыщІагъэкІащ властым щыпагъэкІа 1964 гъэм и жэпуэгъуэм. ИльэсыщІэр абы къыщригъэхьри, Никитэ Іэпхъащ къыхуагъэлъагъуэ щІыпІэм - ПетровоДальнее къуажэм.

- ИпхъжыпІэкІэ Хрущев абы щыпсэуащ и лъапсэр ибгынэну хуимыту. ЗдэкІуэ хъунур дохутыр Іуэхущіапіэхэм я закъуэт, - кьеІуэтэж Мыхьэнэ щхьэхуэм хуэхэа гаражым и унафэщІу щыта Ланин Юрий. - Ар зыщІыпІэ кІуэну зэрыхуеймкІэ хъыбар иратъащІэрт унафэщІэм. Нэхъыбэми кьыхуадэрт ркъым.

Къэралым и Іэтащхьэу щытар иджы нэхъ ткІниижу яхъумэрт. Арщхьэкіэ щІахьэмэ и щхьэусыгъуэр нэгъуэщІ. И гъащІэм и нужь ильэсхэм Хрущев хуит ящІащ пщІантІм нэхъыбэрэ кьыщдэкІыну, Ар кІуэ хъурт, псалъэм и хьэтыркІэ, удз гъэгъахэм я выставкэм.

Ар зэрыпсэуар

ХРУЩЕВ здагъэІэпхъуа дачэр нэхъапэм зыщыпсэуа уардэуиэм зыкІи ещхьтэжкъым. Мыр пхъэкІэ зэтеуІа псэуалъэт. ЩІыпІэр зыхуэзэр Москва псым хэльэдэж Истрэ и Іуфэрт. Унэр кьнухъурехьырт зэщІэкІэжа жыг хадэм. Унэр зыкъу зэтетт. Хрущев бильярд джэгурэгъкъыми, абы хуэхэауэ щыта пэшыр щыфІапІэ ящІащ. Мышы щыІэт хъумакІуэхэр зыщІэс унэ щыкІуэн.

Хрущев и пэшыр интэкъым - метр зэбгъуэнатІэ 15-м ящІкьикІыу арат: блынитІыр кьанэ щІагъуэ щымыІэу щхьэгъыбжэт. Абы щІэтт сейф нэщІ. Бжищ зиІэ шкафым, зэрыжьагъэкІмкІэ, адрейхэм кьадэкІуэу, дэпът чекистхэм тыгъэ кьыхуащІа кІэрахьунщ. Шэ я гъусэтэкъым - къэхъунур хэт щІэрэ? Зы бланым гъуэтъпІэ бгъэдэтт, Налбандян ищІа Лениныр - ссылкэм- суратыр и щхьэмкІэ кьыщыфІэдзауэ. Абы зыгуэр фигу кьитгъэкІыркъэ?

И кьулыкъым тетхукІэ, Хрущев жьы зыщІрытхъуну фІэфІт Іэзым и закъуэу. ЦК-м и Октябрь пленумым (1964) и кьулыкъым щытрагъэкІа нужь, абы ныбжьэгъущІэ кьитуэтащ. Мис абы теухуауэ Никитэ и къуэ Сергей жиІэжьэр: «Щхьажагъащхэ нэужькъи си адэмрэ сэрэ дыщІэкІащ, Дэ дымыпсалъэу дыкІуэрт. Ди гъусэт нэмыщэ хьэ пъэпкъым щыщ Арбат. Ар си щыпхъу Ленэ и хьэт. Нэхъапэм абы си адэр кьыфІэуэутэкъым, арщхьэкІэ, кьесауэ, иджы абы бгъэдэкІыртэкъым. Абдеж щыщІидзэрэ, Арбат си адэм зэн кІэрыкІаскьим-».

НуэкъкІэ Хрущев нэхъуэ щІыбжьэгъун- кьитгъэтащ. Зэгуэрым ар ирихьэлІащ абгъуэм кьнхуа вынд щыр. ЗэрыхуэзфІэкІкІэ дэІэпыкъуащ, игъэшхащ. Хрущев Сергей игу кьитгъэкІыжырт: «Шырыр шхыным хуабжьу щыгуфІыкІырт. Ар ди адэм кьесауэ иужь иту кьнлъэтыхьырт, абы и хьэтырыр кІэ, удз гъэгъахэм я выставкэм.

Ар зэрыпсэуар

ХРУЩЕВ здагъэІэпхъуа дачэр нэхъапэм зыщыпсэуа уардэуиэм зыкІи ещхьтэжкъым. Мыр пхъэкІэ зэтеуІа псэуалъэт. ЩІыпІэр зыхуэзэр Москва псым хэльэдэж Истрэ и Іуфэрт. Унэр кьнухъурехьырт зэщІэкІэжа жыг хадэм. Унэр зыкъу зэтетт. Хрущев бильярд джэгурэгъкъыми, абы хуэхэауэ щыта пэшыр щыфІапІэ ящІащ. Мышы щыІэт хъумакІуэхэр зыщІэс унэ щыкІуэн.

Хрущев и пэшыр интэкъым - метр зэбгъуэнатІэ 15-м ящІкьикІыу арат: блынитІыр кьанэ щІагъуэ щымыІэу щхьэгъыбжэт. Абы щІэтт сейф нэщІ. Бжищ зиІэ шкафым, зэрыжьагъэкІмкІэ, адрейхэм кьадэкІуэу, дэпът чекистхэм тыгъэ кьыхуащІа кІэрахьунщ. Шэ я гъусэтэкъым - къэхъунур хэт щІэрэ? Зы бланым гъуэтъпІэ бгъэдэтт, Налбандян ищІа Лениныр - ссылкэм- суратыр и щхьэмкІэ кьыщыфІэдзауэ. Абы зыгуэр фигу кьитгъэкІыркъэ?

И кьулыкъым тетхукІэ, Хрущев жьы зыщІрытхъуну фІэфІт Іэзым и закъуэу. ЦК-м и Октябрь пленумым (1964) и кьулыкъым щытрагъэкІа нужь, абы ныбжьэгъущІэ кьитуэтащ. Мис абы теухуауэ Никитэ и къуэ Сергей жиІэжьэр: «Щхьажагъащхэ нэужькъи си адэмрэ сэрэ дыщІэкІащ, Дэ дымыпсалъэу дыкІуэрт. Ди гъусэт нэмыщэ хьэ пъэпкъым щыщ Арбат. Ар си щыпхъу Ленэ и хьэт. Нэхъапэм абы си адэр кьыфІэуэутэкъым, арщхьэкІэ, кьесауэ, иджы абы бгъэдэкІыртэкъым. Абдеж щыщІидзэрэ, Арбат си адэм зэн кІэрыкІаскьим-».

НуэкъкІэ Хрущев нэхъуэ щІыбжьэгъун- кьитгъэтащ. Зэгуэрым ар ирихьэлІащ абгъуэм кьнхуа вынд щыр. ЗэрыхуэзфІэкІкІэ дэІэпыкъуащ, игъэшхащ. Хрущев Сергей игу кьитгъэкІыжырт: «Шырыр шхыным хуабжьу щыгуфІыкІырт. Ар ди адэм кьесауэ иужь иту кьнлъэтыхьырт, абы и Іэгум ишхыкІырт. Иджы ахэр зэгъусэт: си адэрэ, Арбати, вындри».

Хьэмрэ кьуаргъымрэ я гъусэу Хрущев дачэм куэдрэ кьэщикІуэхьыну кьэщІэкІкІынт, арщхьэкІэ зэгуэр ар яльэуащ гъунэгъуэ щІыпІэ зыгъэпсэхупІэ унэм щІэсхэм. Яку дэлъ бжьхьым щхьэпрыпсэхъыкІыуэр, ар абыхэм епсалъэ хъуащ. НуэкъкІэ Хрущев хуит ящІащ бжьхьым куэбжэ хильхьэну. Иджы унафэщІу щытар щІыхьэм яхьихьэрт. Хрущев Сергей жиІэжащ: «Си адэм абыхэм яхуІуэтэжырт кьеІуэкІа Іуэхуэзэр - зауэм, Сталиным, Берие зэрагъэтІысам теухуа хъыбархэр, ар ирихьэлІэу ящІ- пса политикэр кьыхэзэрыщІхьум щыгъуазэ ищІырт. Псори къедалуэрт мыбэуэж жьхуаІэм хуэдэу - къэралкІуэцІ, къэрал щыІ политикэм теухуа Іуэхуэзр нэхьыфІ дыдэу кьыбжьэзыІэфынур ар ипэІуэкІэ езыгъэкІуэкІыу щытар аратэжьэ?»

Языныкъуэхэм я дежь Хрущев и псэльэгъуэр зэпымыуэу и гъусэ хъумакІуэхэрт. Абыхэм ящІыщІ Титков Михаил игу кьитгъэкІыжырт: «1967 гъэм сэ я ІэнатІэм сыпэрыващ. Ар пенсэм щыІэт. ЗэрыгурыІуэгъуэщІ, цыхьэхьэрт, жьы зыщІригъэхурт. Зэгъэсу къэткІуэхьырт Іуэху, къэхъукъащІэ куэд дыдэм дытепсэлъыхьырт. И закъуэнынгъэр кьыхетхьэлъэу кьыщІэкІынт».

Высоцкэмрэ Хрущеврэ

ЯПЭ илъэсым Хрущев поликлиникэм кІуэну фІэкІа хуит ящІу щытакъым. Иужькіэ выставкэхэм, театрым епльыну Іэмал иратащ. Кином ар щепльыртдачэм, зыгъэпсэгъуэри есым и кьуэрт. Псом хуэмыдэу дихьхьэрт щыІуэрыпсэм теухуа фильмхэм.

Совет, парт гІыщІьхьэхэр кьакІуэртэкъым я унафэщІу щытам дежь. Абы и щхэурыгъажьэ ІэнатІэм щыщІащхэм Іэмал яІэтэжьым кьыкІэльыкІуэну. Хрущев хьэщІэ куэд кІэпльагъакІуэртэкъым. Абы и дежь нэхъыбэрэ щыпІпъэгьунр и бынкъэрэ и пхъурыльху Юлярэт. Зэ закъуэ щыІащ и щхьэусыгъуэ Майерэ ипхъу Аленэрэ зыщІыгъуа кинорежиссер Кармен Роман, сценарист Шатров Мэхаил, Янир Юнэ и Іыхьльхэр, «зэкъуэш компартхэм» я унафэщІу щытахэм я бынхэм щыщ къыщыхуеблагъэ щыІэт.

1970 гъэм Хрущев и пхъурыльхъум Высоцкий Владимир хуиншэгъащ абы и деж. Ахэр махуэ псокІэ зэгъусащ. Куэд тражьІыхьащ ахэр зытепсэльыхьахэм. Арщхьэкіэ и пэжыпІэр зыми ищІэркъым. Хрущев и кьуэм и гукъэкІыжхэм кьыхэщ кьудейщ абы гитарэ зэримыІыгъар: «Высоцкэм уэрэдхэр зэригъэзащІэ щІыкІэр си адэм иту ирихьыну уи ныбжьэгъуэ кьащІэбгъэхьэну гуГЪУТ».

Хрущев и пхъурыльхъум кьиІуэтэжырт абы Высоцкэр «Современник»-м и артисту жриІауэ, езым и уэрэдхэм теухуауэ Хрущев ечэнджэщІну хуеи хуэзэу щхьэусыгъуэ ящІауэ. КъаІуэтэжхэр зэщхьэщокІ, ауэ мы зымкІэ зэтохуэ: Япэ секретару щытар Высоцкэм и уэрэдхэм щыгъуазэтэкъым икІи абы зыкІи кьыдэІэпыкъуфынутэкъым. Апхуэдизу ягу къагъэкІыж Никита Риц» гуэлым зэрызыщІэпсэхуэр икІи абы тхыдэм кьыхэна псалъэхэр зэрыщьыкІар: «Сэ апхуэдизкІэ сыщІэхьэпэгъащІи, си щхьэзыр дызыкъ хуэсщІыжыркъым».

Хадэр

ЖЬЫ ХЬУА Хрущев дихьэхащ хадэм. ХьумакІуэ Титков Михаил игу кьитгъэкІыжырт: «Си ІэнатІэм сыпэрыва нужь абы кьыхжкІат: «Нэ, санэ фІыщІэ хэдвгъасэ!» Поминорхэмрэ нащІэхэмрэ щыдгъэкІыну парникхэр тщІащ. Абы кьыжжкІащ: «Михаил, япэу кьыщІэкІа нащэр уэстынщІ! Зы пщэджьыкъ гуэрым жьыуэ ныщІохьэ нащэ ныІыгъу: «Михаил, сэ згъэзэщІащ уу укъызэрызгъэгурагъэ».

Теплицэхэм хуабжьу егугъауэ. Абыхэм щагъэкІырт хадэхэкІ зэмылІэужьыкІгъуэуд. Арщхьэкіэ апхуэдизу лэжьыгъэхэр щекІуэкІар 1971 гъэм и гъатхэ пщІонэдэщ. Хрущев пъэрымыхьи сымаджи хъуат. И ныбжьыр илъэс 77-рэ щрикъуэ махуэм и щІапІэр кьыхэзэхикІухьащ икІи жиІащ: «Дохутыр сылажьэу идэркъым, абы кьыхэкІыуи мы гъэм хадэ тщІэнукъым». Абы и ужькІэ илъэс ныкъуэ иримыкъущ зэрыпсэужар.

БОГОМОЛОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Илъэс 68-рэ дэкІауэ

Мы гъэмТанкистым и махуэр щагъаІэныгъэпІэм гъэщІэгъэуэн тлъэгъуащ. 1944 гъэм ящІа танкым гъэсын щрагъаХъуэм, абы и моторы щІэнащ занщІэу. Илъэс 68-кІэ щыта нэужь!

АУЭ ар иджыри зыркІІ. Сакъ-сакъыурэ машинэ хьэлъэр къраГэкІуэт. ИтІанэ асфальт гъэгум тохуэри, зышэну автомобилым кІэрыщІа прицепым и кІуэцІым ёоуВ.

А техникэ гъуэзэджэр зэфІэзыгъэувэжахэр дэ къыщыдгъуэтар Киевщ.

Совет зэманым ящІа танкым дымыщІэхэу дыІуащ, - жеІэ «Танаис» щІэныгъэ-производствэ фирмэм и унафэщІ Панаренкэ Василий. - Голенкэ къуажэм и деж щитт, щІым нькъуэщІэхъуэм ящІауэ. Япэ щыкІэ ар фэепль папщІэу лъагатпІэм трагъэувэну я мурадащ, арщхьэкІэ иужькІэ яІэщІэхужащ. Илъэс куэд дэкІащ абы лъандэрэ. Машинэм кІэмпІкъраХыфІыр кьыпкърахри, гъуэлЫкІэу ятащ. Танкыр зэдгъэпэщыжыным текІуэдащ зы илъэсрэ ныкъуэрэ.

«Танаис» фирмэр йоладжь зауэхэм кьыщагъэсэбэпну щыта техникэр къэгъуэтыным икІи зэфІэгъэувэжыным. Абыхэм танкых, топищІым нэблагъэ, уеблэмэ нэмыщэ кхъуХъалитІ кьагъуэтакІэщІ! Язынкъуэхэр музейхэм яращ, - ардрейхэр къулейхэм ираща.

- ЖьгтІэнщи, ИСУ-152 танкым и Іуэхум псалъэмакъ кьикІащ. Зыгуэрхэм ягъэІуащ ар оппозицэм щыщ депутатым политикэ мурадхэмкІэ къыгъэсэбэпыну хуеИуэ - ар абыкІэ Радэ Нэхъыщхьэм и унэм екІуэлІэну. Зэрыхьэрий къэхъуащ. Лъыхъуакіуэхэр къыщыщІащ прокуратурэми, милицэми, шинагъуэншагъэмкІэ органхэми. АрщхьэкІэ шэч кьыэытрахьэн къагъуэтакъым. Пэжщ, зыми шэч кьытрихьэркъым машинэр Радэ Нэхъыщхьэм и мызакъуэу, Рейхстагым нэс кІуэфыну зэрыщытам. Совет техникэр укъэзымыгъэщІэхъунт!

БОЧКАРЕВ Александр.
«Комсомольская правда».

● Къэралыгъуэ

Гъэтылъыгъэхэм ящІыкІ ЩІыпІэ ирагъэкІуэкІ

«Урысейм и гъавэ гъэтылъыгъэхэм хощ. ФокІадэм и пэщІдзэм аэр нэгъабэ ельытауэ процент 20-кІэ нэхъ мащІэщ.

ГЪАВЭРИ мы гъэм бзэкъым.

Арщхьэкіэ абы и зэранкІэ уасэхэр дзуеинкъым икІи нэгъэщІ къэралхэм етІщэр нэхъ мащІэ хъунукъым, къыджаІэ ІэщіагъэлІхэм.

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым кьыхэзэрытымкІэ, мэкъумэщ Іуэхущапіэхэм я гъавэ гъэтІылъыгъэхэм процентн 6,1-рэ кІэрыхуащ.

- А бжыгъэм ижь щыІкунущ гуэдзми нэгъуэщІ ерыскъыпхъэхэми я уасэхэм, - жеІэ Урысей гъавэ зэгухьанымрэ и вице-президент Корбут Александр. - Ауэ абы и закъуэкъым уасэм щІыхь-хъуэнум и щхьэусыгъэр; ильэсым и кІэр нухунущ а уасэхэр инфлядзм процентн 2-кІэ яІэ ящІауэ. Нэгъуэщу джыпІэмэ, уасэхэр процентн 9-кІэ дэкІуеинущ.

Уасэхэр зыкъомкІэ зэтраІыгъэфынущ нэгъуэщІ къэралхэм кьраш ерыскъыпхъэхэм. Мы зэманым ди валютэм зеуэзащІ, абы и импортым текІуадэр егъэмащ.

«Ерыскъыпхъэхэр гъаПэ мыхъунырэ къыхэкІынущ ВТО-м дызэрыхьхьами - ди къэралым ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшІыпхэмрэ кьрашэным щІат пошлинэр ехуэхъунущ», - жеІэ Корбут. Дэ пруныжи нартыхуэм къэтІущэхунущ къыщІэкІынущ. Ауэ ахэр куэдынукъым - тонн мелуанитІым щІигъунукъым.

Гъавэ гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдизми дыщІытегущыІэхьхьи щыІэкъым. Дэ къыдгуроІуэ ми гъэм гуэдзу кьетхъулІар щІэнэхъ мащІэм и щхьэусыгъуэхэр. «Нэгъабэ гъавэ бзэ кьетхъэІащ, абы кьыхэкІыуи гъэтІылъытыгъэхэр нэхъыбащ», - кьыдгуригъэІуащ ІэщіагъэлІым. 2011 гъэм мэкъумэшыщІэхэм гъавэ тонн мелуан 94-рэ кьраухьэлІащ. Мы гъэм нэхъ мащІэщ. Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Федоров Николай хуегъэфащэ «псори зэхэту гъавэ тонн мелуан 72-73-рэ хуэдизэ хъуну».

Нэхъыпэм министерствэм щыжаІат тонн мелуан 70-75-рэ кьытрахыну. Федоровым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, нэгъабэ кьыддэхуа тонн мелуан 20-р хальхъэжмэ, щІакхъуэншэу дыкъэмынэным и мызакъуэу, нэгъуэщІ къэралхэм гуэдз тонн мелуанти 10-14 етІущ. Корбут Александр жеІэ Урысейр гъавэу тонн мелуан 68-рэ нэхъыбэ хуэмеину.

МАРКЕЛОВ Роман.
«Российская газета».

● Зэпеуэ

ТІур лей хъунущ

Фокіадэм и 29-м хэлъщІыкІыну 2018 гъэм Урысейм футболымкІэ щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатыр езыгъэбгъэнэну къалэхэр.

ЯПЭ щыкІэ ди къэралым яхуигъэльэгъуащ къалэ 13-рэ стадион 15-рэ. Арщхьэкіэ кІэухэу Урысейр къызыІетхьыжырт къалэ 11-мрэ стадион 12-мрэщ.

- Зэпеуэр зэзышылІэну хущІэкъуэ къалэхэр зэкІэ гупищу бгъащ зыщІыщІ, - жиІащ спортымкІэ министр нкІи «Урысей-2018» кьызэгъэпэщащІкІэ комитетым и Іэтащхьэ Мутко Виталий. - Хуагъэуэ пщалъитхумкІи дунейпсо чемпионатыр ирагъэкІуэкІыным хуэхьэзырэхэр щыІэщ. Ахэр Москва, Санкт-Петербург, Казэань, Сочэ, Екатеринбург кьалэхэрщ. А Іуэхушхуэм нэхъ хуэщІащ Краснодар, Самарэ, Новгород Ищхьэрэ, Арщхьэкіэ Саранск, Волгоград, Ярославль, Калининград, Дон Іус Ростов зэхэмыгъэзэжыныгъэ гуэрхэр щыдолъагъу. Мис а ещанэ гупрауэ къыщІэкІынущ зэхьэзэхуэхэм хьихьэ зэІущІэхэр щрамыгъэкІуэкІыну я къалитІыр зыхуэзэнри.

ВЕТРОВ Кирилл.
«Российская газета».

● Щіэпхъаджагъэ

Езым и вакъэхэр... ирагъэщэхужынут

Москва областым щІэ Мытищи къалэм щаубыдащ хьэрычатыщІэ лэжьакІуэм ахъшэшхуэ къыІэщІэзыгъэкІыну хэта хабзэхъумэхэр.

«ФитІнэуэ» къыщІэкІащ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ Іуэхуэхмкіэ оперуполномоченэ нэхъыжь, полицым и майор Вахонин Александрэ. Мы гъэм и гъэмахуэм къалэм и уней фирмэхэм ящІыщ зыр къыщащІыгъэм, хабзэхъумэхэм фІэгъэнапІэ ящІащ абы щІэлъ ваакъэхэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ тхылъхэр «зэрымытэмэмы». Арати, я унафэкІэ, хъумапІэм щІашащ лъэпщІыпхэр зэрылъ тхылъымпІэ пхъуантІэ цыкІу мин 20. Ахэр къыІэрагъэхъэжьын папщІэ полицейхэм хьэрычатыщІэм хуагъэуващ сом мелуанрэ мин щитІрэ яритыну. ХьэрычэтыщІэм мурад ищІащ тхьэусыхэну. Дамэтелъ зытелъ хьэжьвакъэжьышххэр яубыдын щхьэкІэ, хьэрычэтыщІэр арэзы хъуат хабзэхъумэхэм къыІэщІалъхьа ахъшэр, дамыгъэ хэхахэр зытращІахэр, дэлэлым иритыну. Иужьрейр Москва къалэм щыщт. Дэлэлымрэ хьэрычэтыщІэмрэ фоКІадэм и 11-м Мытищи и каФехэм ящІыщ зым щызэхэзащ. Ахъшэр щритым, Урысейм и МВД-м и ГУСБ-м и лэжьакІуэхэм дгъэлъагъуа йубыдащ икІи абы псори къыІуэтэжащ. Вахонинрэ а махуэ дыдэм, Гришинкэ фоКІадэм и 12-м я1эрыхьащ. УФ-м и Следственнэ комитетым Москва областымкІэ и къудамэм и къыІэрагъэхъэжьын папщІэ лэжьакІуэ Гуменная Иринэ жиІащ оперуполномоченнэхэм яхуэгъэзащІ уголовнэ Іуэху къыІэзэрагъэтар. Ахэр УФ-м и УК-ы и 290-нэ статьым и 6-нэ Іыхьэмкіэ яГъэхъэнэ («зэгурыІуэуэ цыху гупым ахъшэшхуэ дыдэ ГупІэхьэ къыІахьи»). Абы къыдэкІуэу, жэуап ихьин хуей хъунущ дэлэлым. Ар суд пащхьэм къыхутэнущ Уголовнэ Кодексым 291-нэ статьым и 4-нэ Іыхьэмкіэ ягъэхъэнэщІу (ахъшэшхуэ дыдэ ГупІэхьэ къыщыІакІэ дэлэлым и къалэныр зэригъэзэщІам къыхэкІыу).

ЖьІэн куэйщ мыпхуэдэ Іуэхуэхэм Урысейм зэрызыщыубгъуерт. Дамэтелъ зытелъ цыхьэхэм яхэтщ нэгъуэщІым и хьэжькІэ мыпхуэ къэзыгуеину хущІэкъуэхэр.

Нэхъыбэрэ натІэрыпэІэ ящІри, зэрыгурыІуэгъуэщІ, Іулъхьэ кІэЫзэщІыр зэрыщІэкІ, хабзэр кьызэрызэпиудыр икІи абы кьыхэкІыу тезыр зэрихьэнур ещІэри. Апхуэдизу щыщІэктІэ, мис а Пасхьапэр къэгъэсэбэпын хуейщ.

«Московский комсомолец».

● Ар зэрыщытар

Москва зыгъэсар хэтыт?

ФІырыфІкІэ зэгурыІуат

ФОКІАДЭМ и 14-м и щэжжагъуэм франджыдзэр Москва кьеКІуэлІащ. Абдеж кьыщыхъуар гъэщІэгъуэщ, нужькІэ ягъэзауэхэм тещІыхьаурэ уегупсысмэ. Урыс генерал Милорадовичыр франджы маршал Мюрат гурыІуащ урысыдзэхэр дэкІыкъу езыхэр ялъэм дэмыкьэну. Арыншаэ, зы сэлэт кьыхуэмынэхуэкІэ кьеезэуэну икІи Москва игъэсыну жиІащ. Мюрат арэзы хъуащ, Наполеони «урысхэр гъэпІащІэ» зэрыкІам кьыфІигъэкІакъым.

Мы Іуэхум мыхьэнэ ин иІэщ Москва зыгъэсар хэтмэ кьэпщІэн папщІэ.

Наполеон хуейт зэпсэльэн щІадзэну. Езым и дзэм зригъэзэпсэхун мурадкІэ, махуэ мыкьужкІэ зиІэжьэну хьэзырт. Москва щыджьым урыс сэлэтхэр франджыкъым яхэпщхьэуатт, зэмызауэу ерагъкІэ зэблэкІащ.

Бестужев-Риомин Алексей мыпхуэдэу етхьыж франджыкъэр Кремлым зэрыдыхьар: «Шэджагъуэ нэужькъи сыхьэтІ 4-м топхэм я гъуэгъуэ макьымкІэ псоми хьыбар ирагъэщІащ бийр Москва зэрыдыхьамкІэ. Ивановэ хъэгъуащим зуун щигъэтащ. Кремлым и Троицкэ куэбжэ быдзэ ягъэбыдар хаудащ».

Урысейм и гур къэзылыпщІа лыгъэ

ФОКІАДЭМ и 15-м мафІэсхэм щІидзащ. Ахэр ужьыхакъым тхъэмахуэ зэхуаку псокІэ. Абы кьыхэкІыу уэн мини 6,5-рэ (мини 9-м щыщу), тыкъэн цыкІу мини 7 (мини 8,6-м щыщу), члиси 122-рэ мафІэм исац. Кьыхэтенахэр франджыхэм зэхафащащ. МафІэм хъэсащ Москва зыбгъынэну хунэмысахэм ящыщ цыхьэр. Троицкэ Іэрытх щрыкІуэ Іуэмрэ «Игорь и полкым теухуа псалъэ» Іэрытх закъуэмрэ сахуэ хъуащ.

Сурэтыщ Егоров Алексей мыпхуэдэу кьыІуэтэжат абы щыІуэм ильэс: «Ди гъэм зэщІищтат псори. Вулкан щыІкІу куэд кьыщидам хуэдэу, дэнэкІи мафІэт. Урысейм и гур лыгъэм илыпщІыт...»

Щэхумрэ нахуэмрэ

ХЭТ АПЭ Москва зыгъэсар? Абы иризоадэу ильэс 200 хьуауэ. Наполеон абы и фейдэ хэльтэкъым, ауэ аращ зытралъхьэр. Арщхьэкіэ фоКІадэм и 15-м зэуэ щыпІкІыхьи кьыщыльда мафІэр щІэзыщэр урысхэр зэрыкІам щэн хъумэным. Губернатор Ростопчин полицей пристав Вороненкэ «Іэмал зэриІэжь» мафІэм нэхъыбэ иригъэсынымэ хущІэкъуну» ячІэда ящІэрт ерыскъыІуэ, Іуэ, Іэщэ зыщІэль псори ягъэсыну.

Сыт хуэдэ лъэныкъуэкІэ Москва къыщеплъат?

ФОКІАДЭМ и 14-м Наполеон Поклон Іуащхьэм дэкІуеигъ. Абы тельыджэ щыхъуащ Москва и дахагъэр икІи, гуфІэуэ, жиІащ: «Мис иджы ин1эм-ин1эжьым кьалэ щІэрыІуэр къыТІэрыхьащІ» Франджхэм ямпературыр сыхьэт зыбжанэкІэ Іуащхьэм тетащ кьалэм и Іункъыбзэуэхэр зыІыгъ Іыкъуэхэм япэпІуащ. Зыри кьыщымыкІыну, иджы Кутузовым и проспекткІэ зэдзэжмэкІэ Кремлым кІуащ.

Арщхьэкіэ щыуагъэ хъунт Наполеон иджырей Поклон Іуащхьэм тету Москва епльауэ жьпІэнэр (абы утету зыри плъагъунукъым, лъхьэшІуэщІ).

Елэжьа лІэщІыгъуэм и зэхуэдитІыр кьэсыху Поклон Іуащхьэкіэ зэдзэку щытар ТекІуэныгъэм и иджырей монументыр зэдзыштым и иущхьэрэ-кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ метр 700-кІэ пэжжьэ щыпІэрт. Іуащхьэм и зэхуэкум Сетуня псы мыиныр дэжт. А Іуащхьэкэрэ ирахащ Кутузов проспектыр щаухуэм. Тхыдэджхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Наполеон Москва кьы

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №186-м итщ).

Къэхъуар кьыгурымыIуэу хьэжьыр йожьэ
Щефэжьынум псы зэгъэр ирикъуу.
ПщIантIэм дэт гуэл Iэрэщыр
ЖьгIыщ уцIынахэм ягъэхьщIэ.
Псы Iуданэхэр эыутхыгъа фонтаным
ЕщIэж и сабинитIуэр Хьэсэным.
ЩIалэр иджыри сабий цIынэт,
Щабэу щыщIнупскIэу гущэр
Псы Iущащэм щыщIигъэженкIым анэм.
Мыбдежьыщ къыщIидзыр Хьэсэным
ПшынальэрдахэмитIэкIым.
Псыутхым и макъ зэщIэжьыуэм
Екъуужьыфырт и гугъапIэр.
Ауэ иджы зэщIэтхъуауэ и щхьэр
Тыншу бгъэдэтIысхьэу псым щыIхьэщхьэм
Дэуэрэрыну Iэмал гуэр
Зэримыльжьыщ кьеуэр гум:
Дэженжьынукъым псыр уафэм,
Кьытещэщэжьуэр и щIыбэм,
Дахатъэм псэр кьыхунгъэушу,
Кьытеджэгухьу зэранщуэ.
Иджы хуеижкъым аР а псым,
Бийм и лъырщ зыщIэхъуэпсыр псэр.
Бийм лъахэм кьыхунтхьа къэзыпхъэм
ИгъэтъжакIэщ псыкъуипсыр,
Псыр игъэгъунырщ бийм сIыгIыгъэр,
Псым ялэ иригъэщу лыгъэр.
Сабий гъы макъщ, щIэбзэ зэщыджэщ
КъэзыгкIыжьыр мафIэ лыгъэм,
Кьытохуэр лъахэ дахэр ныджэм
ПсыхуэлIэу игъэзыщIэу дыгъэм.
А псори зэбгрех дахэкъужьыкъым
Жьуджалэу щыхашэу дунейм.
Уафэрэм кьыщыхъарэз бгъэжьым
КьыхуэщIэркъым сыт щхьэкIэ бийм
Лъахэ лажьэншэм щIыщыхуар и ней.
Уарддзу зэрыщыщ чэщанэр,
Жьыбгъэ къэжьгъым пэкъугъыжьу зззэмызэ,
ЩхьэгъубжэIупIэм жьыджыхьыр абджьнэр.
Нэщхьеифэу кьыхуеплъыхьмэ мазэр,
МащIэу и псэр кьогуфIэжьыр унэм.
Ауэ зэщыр кIэнщэу кьыхьуищэу
Уэшх кьыпхэжьр унащхьэ зеиншэм.
МэгуфIэр кьумым игъэущыхьар
ПшахьэущIым лъэужь гуэр щылъэщIыхьам.
Апхуэдэм дежьи, зы мыкъужьмк,
ГугъапIэ гуэрхэр кьоушыжьыр.
ИкIи мыпхуэдзэу фIы уощIыжьыр уи гур:
«Си закъуэкъым щынасыпынщэр щIыгум,
Хахьты кьэсам и кьыдзегъащIэу,
Щиухырыкъым мыбдежьым занщIэу гъащIэр».
ИIа уардагъэри чэщанэм,
КIуэдыкьыпакъым зы къэмынэу.
Ауэ зэманым, хуэмыпIащIэу,
ГущIэгъу жьыхуэIэри имыщIэу,
Хегъэшыпсыхь чэщанэр щым,
И пэщхэр бзухэм жьыжьащи абгъуэ,
Кьунтыжьыркъым и тепльэм дэрэжьгъуэ.
КьышыуыIыжькъым псы ефэну гъуэгурыкIэр,
Щызэрахьэжькъым пэрыхьэту шхын.
Пэш нэщIхэм Iэуэльауэ щызэмыкIуэу,
Уафэ уфар нэху щыхухкIэ и шхыIэнщ.
Зэгъэрым кьабзэу зэхьыдкъуэ пэшхэр,
ЩIэтауи пщIэжьыркъым унэIут тхыщэр.
ЩытыгъамзэгъэрымхьэщIэщ гуапэу
ЦIыхум щIишиежьыркъым и лъапэр.
Зэрыдзмысыжьр Хьэсэныр,
Зеиншэ дыдэ хьыдэ щIэтIысхьэ
Мэхуэлэжьыр бжьыхэ тхьэмпэу,
Кьыдзмыхьэжьу дэрэжьгъуэр.
И натIэм лъыпсыр кьрикIыкIыжьу
Хьэсэн джаурым кьыщIидыкIым
Хуит хьужьа щыщIлIхэр зэбгрожьыкри,
ЩэщанэР дэгур цIыхуэм ябгынэжьыр.

.....

Нэщхьейрэ щыму зауэлI гуп кьоIэгъуэ.
Кьосыр, я джатэхэр лыдыжьу кьызолъагъур.
Дэ тхуэфащэ дунейм тет, жьыхуэIэу,
Зыкъраxыр я щхьэгъубжьмкIыщ IыпIэм.
Абэ щхьуантIэр идзауэ и плIэм,
Япэм итщ и дзэпщыр зигъэплIаплIэу.
- Сэлам алейкум, хэт фыхьуну;
Гъэугъанэр махуэ зыкъэхьнхэ?
Сэламыр кьрахьажьрэ кьоупщIыр:
- Уэ езыр ухэт, сыт мыбдежьым щыпщIэр?
- Сымусльымэнщ Алыхьым срилIыщIэу,
Сольагъур хьэлъэм фыззэрГъэхьщIэр,
Хьэпшыл кьефиизжьыр зэрыльапIэр.
Ауэ шынагъэнэшэкьым мы щIыпIэр.
ЖыфIэ закъуи, дэIэпыкъуэгъу фыхуеям,
Хьэрыпу ныджэм тетщ си кхъуафэжьейр».
- Захуагъэщ жьапIэр, ди ныбжьэгъу -
Дыкъэныкъуэщ дэ дзыпыкъуэгъу.
ФIы кьыитхуэпщIэну пэж дыдэу ухуейм,
Кьэгъэхьэзыр нэхь псынщIэу кхъуафэжьейр.
Ауэ эзкIэ кьыумыIэт и жьыхэр.
НэхьыфIщ хьэнкъэфIэнкIэ щIэттхъум псыр,
Гъуэгум и зэхуэдитIым дынэсыхэу.
Дэ дынэсын хуейщ адрыщI Iуфэу
Хы щIэнщэр хуэму щыуфафэм.
Аращи, уи псэм жебгъэжьу «уэху»,
Иджы уэ хъунущ тыншу быбгъэпсэху.

МыкIэщIу щытми гъуэгуанэр,
Къудыщэ ихьакъым эзману.
.....

Толькъунхэр тельэдэжу адрыщIым,
Кхъуафэжьейё хьэлъэм тенджьзыр егъэхыщIэ.
Хуэм-хуэму хъэльэр щIигъэтIысыкIыжу,
Толькъуныр зэхуэдитIу зэгуощIыкIыр.
ЩIхьэхынэ-щIхьэкъэIуфэр толькъуным
Кьыщызолъагъур гъэщIэгъуэныр -
Кьыздыхэплъэм жэщыбГ тендзыым
ЩIыхуфэу мэджиж и бзийхэр мазэм.
КIуэ пэтми нэм кьыIэщIэмащIэу,
ЩIельафэ хьэльэр тенджьз льащIэм.
Иныжь нэ закъуэу кьеплъэкIыжу,
Щэху Iэджи льащIэм щихьащIу.
Куу дыдэу хым щагъэпщIыжа а щэхуэхэм
Iуэхугъуэ куэд жалэжьфынут нахуэу.
Хы льащIэм щIым тет щыхуэхэм япэIэщIэу
Псэ щэхуэхэм кьыщыдгъкыр зым къамыщIэу.
КъафIэмыIуэхуу щIыдхуэм я гур щIэгъур
Тенджьз бгъуэнщIагъэхэм ахэм зыщудыдгъур.
Хуэмейуэ, уеблэмэ, толькъунхэр
ЯхьмэщIэхуэхэм хэгъуэззэну.
.....

Я пащтыхьым ыкъэдрабгъуэм
Кьыщлельэтыхь мэкьупIэ алэрыбгъум,
Зы гъэтъам кьытельэтIыкIмэ щдрейм
ТетIысхьэу кьришэкIыуэрэ сабийр.
ИтIанэ гъуэбжэгъуэщу мэкIуэдыжри,
Нэпсрэ эзшрэщ сабийм кьыхуигъэнэжьыр.
Балигъыр зыщIэлъыпхъэра гугъапIэр
Бзыльхъугъэ пагъэм и дагъэм
ЗыщIишэу кIэльпхъэр балигъым
ЕщхьыкIабзэу, хьэндырабгъуэм
КIэльпхъэру сабийр йольадэ губгъуэм.
КIуэтхункIэ гугъапIэ кьыдэрыкIым
И гуэзжькуийм а цIыкIур кьрехьэкIыр.
ГугъапIэ псори жьым хехьжьри,
Нэпс закъуэрщ гъусэу кьыхуэнэжьыр...
КъехьулIэу щытми зыщIэзэпсыр,
Зэшыгъуэрэм ебыдыжьыр агъуэру и псэр.
ЦIыхубз дахэми хьэндырабгъуэми
ТIури щагъащIэркъым гухэщI,
Балигъми сабийми я хьэпсэгъуэм
Махуэ мамырхэр зэхуэщI.
Гущэ хьэпшыр щIэщыгъуэм
Ириджэгункlэ ирикъуам сабийр,
Ар хьфIедзэжьри, игу щIэмыгъуу,
КъыфIэIуэхужьыкъым зэшIыгъуэр.
ЩIалэгъуэм и дахагъэр хуэлэжьнущ,
Зи дахагъэр хуэлэжар мэхъужьыр хуит,
Имытыжу зыми и Iумэт,
Щыхуейм дежьи кIуэу зэдриджэм и гум,
Е лъагалIэ лъыкъуэ мэпьатэр уэгум,
Е дуней гъащIэр фIыззэтещэщжу
КъызыхэкIа щIыгулъым щыщ мэхъужьыр...
Иджы абыхэм сыт кьапэпльэр,

ЯлъэмыкIыу зыбгынахэм щIыльэр
Егаькlэ щIнупскIэу я дамэ кьутар
ЕгъэзыпIэнщэ псэхэр зэгуэну иту,
Зэшыгъуэм иджыри ягъэбзэгъэ я гур
Щамыгъэтыжу зы тынышгъуи уэгум?
Ауэ иджыри хьэндырабгъуэм
ЛъэкIыну кьыщIльэтыхьыну губгъуэм
И дамэр икъутами жьыбгъэм,
ЛъэтэIмэм химыхьжу гугъэр,
Е аргуэру блын зэтещэхаxэм
КъыщIикIухьыну щыхуб дахэм
И натIэм кьритха мы гъащIэм
ИгъэIэсэну а щхьэлъащIэр?
Кьаугъэнщэу хьэндырабгъуэр зэрызохьэ
ГъащIэр зыухам ятемыгтIысхьэу.
Ауэ и псэм хьыджэбзым
Яхуеуэсу цIыхухэм и гъыбзэр,
ХущIегъэжьу гъащIэ игъэкIуам
И нэпс хъыджэбзым зэп кьемыкIуа.
Ямыгъэхуадэ я напIэр ахэм
Напэншагъэу шыпхьухэм эзрахьахэм...
.....

ГъащIэр зыгъэкIыфI бзаджэнаджагъэм
Хьэпсым иридзауэ псэр иныгъым,
И шэрэзым бэдж щхъухьзехьэм
МафIэсым хуэдэу ар кьнухьуреихьым,
Зригъэхуэу кьыхигъащIэм узым,
ИгъуэтыжьыкIр щэгъэкъуэну зэрэзыщ.
Щэрэз щхъухьыр бийм хиутхэну гыну,
Е езыр кьытридзэжу ныджэм
КьыхуаунэтIыну щэрэзыр бэджьым?
ГъащIэ мащIэр бэдж щхъухьым фIигъэхуалэу
Иубыдами и кьапхэньм ажалым,
И псэ угъурсызыр псэущи ноби!
Уеблэм, кьыкъыжьыну хуейкъым тоби.
Кьыщеущыкъыр кIыфIым и щхьэщыгум,
ГущIыхьэр щыму щIопсэльыкIыр лъэгум.
КъиухьуреихьаэУ мафIэ лыгъэм
Ажалыр кьыщобаэу езым и бгъэм....
.....

Джэгур щокIуэкI цIыхубзхэм я лэгъунэм
Лъагъуныгъэ кьыщохьуэпскI абыхэм я нэм.
ТхьэIуэдэкэр кьыхуэмыштэу и псэм,
Хьаэсэным пльапIэу иIэр мэзырщ,
Махуэ нэщхьейхэм я нэхьыбэр
ЩегъакIуэр и закъуэу мэз джабэм.
Зэш зэпытым псэр имыгъэхьщIэу
Нэхьапэм щыгъэ нэхь щIэщыгъуэт гъащIэр,
Лейлэ кьыщежьэрти лэгъунэм,
Зэманри ещхьт инам льъданэ.
ЩIэсыжькъэ унэм лъагъуныгъэр?
Ирихьэжьа ар зэман жьыбгъэм?
ЗыщIэр Хьэсэнщ абы и пэжыр.
Хьыбархэр зэтемыхуэу зэIэпахыу,
ГъэщIэрэщIауэ яIуэтэжыр щыхуэхэм.
Азэн джапIэм кьоIукI хьыбарегъащIэр:
Пщэдей хьид махуэщ, нухауэ нэщIыр.
ЗихуапIэри унэIут щIалэ щыкIуу,
ЦIыхубзыр кIуащ хьэмэным зыгъэпскIакIуэ.
Защигъэпщкlуу и хабзэхэм диным,
Мурад щIат кьымыгъэзэну унэм.
Тезырми щымышынэжу и псэр,
Джаурым и пIэщхьагъыр зыщIэхьуэпсыр.
Хьэсэн а псоми зыри химыщIыкIми,
Гурыщхьуэ щыIэм гурыщIэр кьрисыкIырт.
Есат сыт щыгъуи а щыхубзым
СыткIи и дзыхьыр иригъэзу.
Бзыльхугъэр кьыщепщIыжа пщыхьэщхьэм
КIуащ ар мэжджьытым тхьэльэIуукIкI и щхьэр
Хунгъэщхьыну гущIэгъуны Алыхьым.
ИужькIэ кьигъэззыгу чэщанэм
БампIэгъэтIысу фадэ ирифыну...
А зэман кIуам и джэрпэджэжу
Кьыхуэнэжьари гукъэкIыжьыр.
Щыгъэщхьыну гущIэгъуны Алыхьым.
ИрафыдыдарКьахуэмыгъэшу.
КьаIуплъэ закъуэмэ абрэджьыр,
Бийр кьэшынаэу льэудыкIыжьэт.
Хьыбарым мырщ иIуэтэжар:
Тхьэ Iуам емыплъу, кьепцIыжар,
Джаурым щIыгъуу щIэпхъуэжар

Байрон Джордж и поэмэм хэт адыгэ бзыльхугъэ Лейлэ и сурэтыр ниджьлыз художник Дикси Фрэнк 1892 гъэм щIащ.

Цыхухбз и гъусэуи умыльагъуу.
.....

Кьыпхуэсlуэтэну сынопащIэ
Сэ и дахагъэр а щхьэлащIэм:
Уэ пльэгъуагъэххи губгъуэ бжьым
Нэщхьеягъ щэху кьыщIихыр и нэм?
Апхуэдэу пащIэм и нэ джьдыжьым
ГурыщIэр кьыщIыт ещхьу гъуджэм.
Нэбжьыщым игъэпщкlуи лъэмыкIыу
Гухэльым нэр зэригъэхъэпскIыр.
Налкъутым кьыхэщIыкIа мыщIэу,
И псэ щабагъри мымащIэу,
КьыщIилыдыкIт нэкугъуэ лъащIэм...
Лейлэ зыри кьыхэмыгъэжауэ,
И сахуэр жьыбгъэм ихьыжьауэ
Сэ кьызжиам, бегъымбар дыдэм
Седэуэфынут, ар хуэзмыдзу.

Жьыхьэнмэ мафIэр зыщIэль шыуаным
ЩысхьышIэу лъэгур кьыщIисыкIыу
Сыlуагъэуэмэи и гъунэм,
Жэнэтыбжэр схуэзIуагъэзыкIми,
Сэ мы жьыСам сытемыкIыну.
Зэ щIэплъэхxам а пщащIэм и нэм
КьыщIилъагъуукIыу и гукъанэр
И фIэщ пхуэщIынукъым бзылъхугъэр,
ГурыщIэ лъэпкъ имыльу и бгъэм,
ЦIыхухьым и зэштегъэу кьудеIуэ
КьыщIигъэщIауэ мы дунейм.
Кьыщлехьр и нэм тхъэм я нэхур,
ЛъхьэрэН мащIэш кьежьэ нэкIуцхьитIыр,
И щIыбымкIэ кьуршынс лъагъунтIу
ЩхьэЦ ухуэнар щожэх псыпхэуу.
Домбекъ лъэгум тетхэщ лъакъэр,
ГъэмахуэрэН игъэгъащIэу дыгъэм,
Фlей хьун иджыри хуиэмысу
КьырыщIхьэм кьытегъэуIыхьа уэсу
А лъакъуэ хужьхьэм уазыпхопль нэхутхьэхуу.
УардагъэР Iэпкъльэпкъ лантIэм щIэу,
ЩыбакъуэкIэ псым хуэм тес кьазу,
ФранджьыстанаР зэрыпагэ жэнэт бзу
ШэрджэС пщащэ тхъэIухудым ещхьыркьабзэщ.
Кьыур, хуэму дамэхэр щIнупскIэу,
И тенджьз Iуфэм щесыпIэжкIэ,
Псым зэрыхэуэм игъэIу макъым
Хэгъуащэу къэIуса лъэ макъыр
Лейлэ щыIэхинхам и деж,
ПфIэщIыну вагъуэр уэгум иж,
Гухэлъым и нэр щигъэхъуэпскIкIэ
Iэмал имыIэу пэлъэщынкIэ
ЩыщIешэр ещхьу малъхьэдисми,
Щауэ гурыщIэр егъэIэсэ.
ЩымыщI хэмыльу гуанэIуэщ пщащэр
И Iу щабагъэр кьоIущащэу.
Хэт пщащэр телIэу щыщIэхьэпсыр?
Хьэуэ, Хьэсэнкъым ар зыльысыр.
.....

Зыщигъури бейгуэл тIощI нэхь хьыжьэу,
Хьэсэн техьащ гъэгуанэ жьыжьэм.
Я Iэщэ-фащэр эзщIэльащэу,
Дэтхэнэ зыри зауэлI уардэщ.

Я дзэпщым щхьэр кьыхуэмыIэту,
Зэхэльщ и нэщхьыр, кIэрыщIа джатэр
Зауэм кьрихьжащ льы защIэу,
Ар бийм я дежькIэ гущIэгъу мыщIэщ.
ИкIи зыхуэдэр а джатэр
ЯгъэнэхуакIэщ арнаутым.
ИкIуэтыжьынри кьыхуамыдэу,
Парны ауэым щыдаубыдэм,
Кьэхъуар кьыгурымыIуэу, бий
Губжьыщар икIами хьиям,
А зэман кIуам и джэрпэджэжу
Кьыхуэнэжьари гукъэкIыжьыр.
Щыгъэщхьыну гущIэгъуны Алыхьым.
ИрафыдыдарКьахуэмыгъэшу.
КьаIуплъэ закъуэмэ абрэджьыр,
Бийр кьэшынаэу льэудыкIыжьэт.
Хьыбарым мырщ иIуэтэжар:
Тхьэ Iуам емыплъу, кьепцIыжар,
Джаурым щIыгъуу щIэпхъуэжар

Жьыжьэ кьэпльыкIыу, ауанышIу
Иджы кьыщIыдыхьэшх кьыфIэщIу,
ИкIауэ хьиим, шыр игъэльэхьуу,
Хьэсэн ежьащ нысащIэ лъыхъуэ.
.....

КьухьэпIэм дыгъэм щищI пшэкIэплым
Кьырыщхьэ щIанэр егъэщIипльыр.
Бгырыс ешам кьыхихъэхьэжу и псэр,
Сыльэр кьыхихъэу йожьхэар кьуррыпсыр.
Альдж сондзжьэрми, щетIысэхам мыбдеж,
И Iэпкъльэпкъ ешар кьэщIэрэщIэж.
ЦIыхур щымащIэ кьалэшхуэхэм
БийхэмэнеЙ кьыщIыщIыхуэу,
ФIыпщэ кьыщIалъхьамэ гъащIэм,
ФIэмыкIуэдыньм щхьа гурыщIэр,
Псы Iуфэм IуотIысхъэ альджжьр
ИплIэну кьуршынсым и гъуджэм.
Пщыпщ дэтэмри кьалэшхуэм,
Зыщелытэж мыбдежьм цIыхуу.
Хьэрэм ящIа шагьырми, и гур мыгъуу
Щофэф мыбдежьм зыми кьамылъагъуу...
Уэсэмэхэращ шагьырыр запыуфыдыр,
Хьэрэм щащIар э, ефэну хуамыдзу.
.....

ПыIэ гъуэжьым кьэлъэгъуаи и щыгур,
Ауэ а зэманкIэ кьыдзэкI гъуэгум
Тетщ тэтэрыр сакъыу зиудыгъуу,
ЗауэлI щыгъухэми замыгъэльагъэу.
Кьыр блын задэ кьыхутащ я пащхьэм,
МэзэлIадэ кIийуэ зэрыдзэкъэу,
Зыгугэр ешаэрыIухэнур ящIэу я гум,
КьуанщIэм кьалъэтыхьыр я щхьэщыгум.
ЩIымахуэм мылым игъэбагъуэу,
Гъэмахуэм игъэгъущIэу дыгъэм,
Джабэ задэмкIэ кьежьэх псы лъагъуэм
И Iуфитlри зещIэкIами пабжьэу,
Ари дохуэлэж дыгъэ зыкъэражьм.
ЩонэщэжьащIэ псыхуэу нэхым
Лъэс лъагъуэ щыкIуэгъэ, удашу ауэым.
ГущIэгъуншэу ильэсхэм ягъэщIу
Е жьапщэ Iэлхэм ягъэщащэу
Мывэр кьощэщэхри кьурщым,
Лъагъуэ зэвхэр ираубыдэ хьэщым.
Пщэ хуэмэ Iэрамэхэр щхьэрыбгъыу
ЩыгуапIэм уафэр кIэщIиныгъэу...
Ликар щыгур фльэгъуагъэххи
махуэ бзыгъэу?
.....

Кьыэзранэкlри ауэзыр,
«Бисмылахьи!» нэсахэщ мэзым,
Адэжьэ гъэгур тафэ губгъэщ,
Щуэ уржжэну мышьынагъэуу.
Иджы мышынэжми хьун кьыфIэщIу,
Яп? ища щур бишэм щыхигъащIэм,
Мыдрейэр зыIэзыбжьэу кьыщелъэм я шым,
Аргуэру лIиш игъэгъэльащ фочышэм,
ИмытIыскъэжьынхэр зэп уанэгум,
ЩигъуэлIыкIащ а зауэлIхэр гъуэгум.
ЩыщIэльэуа гущIэгъури игъуэтакъым,
Бийр кьэбIэгъауи ялъэгъуакъым.
Хэти и фочыр игъэдальэу,
МэпIащIэ шым зыкъуагъэпщкIуэну,
Хэти мывэ дум нихьэсу и лъэр,
Абдеж игъуэджэ зыщищIыну.
ЩхьэкIэ зэрыльэкIкIэ зыщIыгъуэр
ШэI къэщIыва нэрымылъагъэм.
Хьэсэн и закъуэщ, хэмыщтыкIыу и гур,
ЕмыпсыхауэI ясыр уанэгум.
Пльэрагъэкъуэр, гъэгурэ пщащэ,
Фочхэр кьэпIэнкIми ерыщу,
ХэIущIыIу кьимыщIу и гуращэр,
Бийм хуэзрихьэу ныбгъуэ хьэшыр!
ШынагъэуI нэщхьыр эзхеукIэ,
ШынагъэуI нэщхьыр ешхеукIэ,
ЗреIэтыкI уанэгуми, мэкIий:
«ЕшыхункIэ фи фочышэр кьрефий!
СыигъэпшынI щыпIэ фымыгутъэ.
НэгъуэщI щыпIэ фыщыльльауэ кьэрабгъэI»
ЛIыкIуэ абдеж кьегъакIуэ бийм,
КьыхуигъэнуэУ зауэлI гупым ткIийуэ
Iэщэр ягъэтIыльу зыкъатыну,
Кьыгъэгъэнуэ псэуэу кьагъэнэну.
Ауэ а зауэлIхэм дежкIэ
Нэхъ шынагъуэт Хьэсэн нэщхъ зэхиукIэр.
Шынэу Iэщэр зыгъэтIылъын,
ГущIэгъу щхьэкIэ бийхэм ельэIун
Кьахэкlакъым и зауэлIхэм Хьэсэн.
Мы зауэлI хьыжьхэхэм я пашэр
кьащIэнэр яфIэигъуэу,
Бийхэр кьокIуатэ нэхь гъунэгъуу,
Ар пашэм Iыщlэль с ешхуэхэм и дзэм
И нурыр бийм я нэкIу иредзэ,
Езыри исщ уанэгум уардзу,
Шынагъэм напIэр хуэмыгъэхуадзу.
«ФхуэIуэр тхъэ, кьэсцIыхужакIэу
Лы кьыжьлыфэ жьэпкъыпэ папщIэр,
Нэ кьэгубжьакъэм кьащIихьыу хьуаскIэр,
ЖьакIэр сагъыщым нэхьрэ нэхь фIыщIэу.
И пльэкIэр кьыщIихидзу гыну,
Ар ятхьым и Iуэхэт ди диным!
Арнаут фащэ зэрыпщIыгьым щхьэкIэ,
Кьоплъынукъым псэхэхьр нэхь нэ лейкIэ!
Джаур, си тхъэрыIуэу Лейлэ и лыр
Кьэзгъэсынщ уи ажальм и пIалъэр!»
Пщ зэрэхъэм яхьыр куэду псыр тенджьзым
Толькъунхэр, псыежьэхэр IукIэ язу,
Ахэм я псыхьэ гъуэгур кьызэIуащIэу,
Тенджьз Iуфэм пхьашэу кьащIыIуощIэ.
Абдежьым кьыщIохьэйри зэрызекъуэр,
�IэубыдыпIэнщэу ирачыр Iэжьэкъур.
Мэгъуахъуэ тенджьзыр, кьокъуэлъыкIыр,
КьыпIэувам иригъэльагъуу лъэкIыр.
Толькъунхэм кьаIуроху тхъурыжьмбэр,
Епэбжьаэуэу псым и Iуфэ джабэм.
ИкIэм-икIэжьым Iэсэу мэзэгъэкри,
Толькъунхэм тенджьзыкум игъэззэкIыр.
Толькъунхэм псым и гъуэгур хуэзIуащIэу,
Зэрагъэжьажьэм хуэдэу зауэ гуащIэр.
ЦIыхуми, кьыщIипхъуауэ я нэр губжьым,
Кьрагъэблыжьурэ гужьгъэжьыр,
Мыкъужьыфу зым и дини,
ГъащIэм нагIэ щахуэхуащIэу зэуэныр,
Зыгъэпсэхуныжу мэфий фочышэр,
КьыIуролъэлыр сэшхуэдзэм хьуаскIэр.
Гыбзэрэ гъыбзэу цIыхум ягъэшым
Я джэрпэджжьым кьуршхэр кьегъаскIэ.
Тохьэльэ ахэр мы ауэ мамырым.
Нэхъ фIэфIщ ауэым Iэщыхьуэм я уэршэрыр.
И бжьгъэкIэ зауэлI гуп цIыкIур мащIэщ.
Ауэ, мафIэр кьаIурыльэлъу гуащIэщ.
«Е лIэн, е лIын!» - яэыхъэмм
Аращ кьылыытэр зауэлI хабзэу.
Насыпыхь кьудейкьым лъагъуныгъэр,
ФIыуэ пльэгъуам и дахагъэм
КьыщыпхуущIым дежи и Iэплl э хуабэр,
Кьыщюхьэр гъащIэр нэхьри гуапэ.
ЗэфIэкIуэдыну ахэр хуэмей,
Ауэ зэкъуоувэкри зыуэ бийр,
Iэхъулъхьыр лъагъуныгъэм иральхьауэ,
ЗэIэпагъэкI эзрэпльагъуахэр фIыуэ.
Лъагъуныгъэр, лъэхъур иудынышIэу,
Бийхэм щодыхьэшхыр ауанышIу.

Лъагъуныгъэ гъэрыпIэм и куэщIым
Йсынуц ахэр яухыхукIэ гъащIэр.
.....

Бийлъыр и дзэхэм кьапыжу,
Зэпыудащ и сэшхуэ кьыкуэпжьыр.
КьыпнупщIами и Iэ лъэныкъуэр,
Хьэсэн иутIыпщкъым кьыIэщIэна джатэкъур.
Бащтыкъ и щхьэм фIэльари
ТIуэ зэгуэхуауэ лъэныкъуэкIэ кьыщцылъщ,
Кьыханэжакъым фащэм щыдзжьи,
Кьэнэжа тIэкIури ягъэкъуэлэн
Лы Iэпапlэхэм нэхущ пшэкIэплъу,
Борэным и кьыбарегъащIэу
Пщэм кьыщIихуущыкъкIэ уафэ лъащIэр,
Уафэм и нэщхьейр уигу кьигъэкIыжу,
ЗауэлI фащэм лы льагъуэхэр пхрожьр.
И нэкIур хуэгъэзауэ уафэм
Бий пащхьэм ильщ Хьэсэн и хьэдэр.
ЗэпэгъуанибI ящIащ и щIыфэр
Зауэм щигъуэта уIэгъэ куэдым.
Иджыри зэтемыхьажа напIэм
Кьыхощ лъыщIэжьм и хьуэпсапIэр.
Уеблэмэ, псэхэжьи и Iэ щIыIэм
ХуэлурыщIакъым псэр зыхуеIэр.
ЗэрепэгэкIыр имыущэхуу,
И фэр пыкIауэ, ещхьу щэхум,
Хьэдэм хуопльыхыр бий залымыр.
Хьэсэнэм эжIэ хьуаш мамыр.
.....

«Си Лейлэ щожей хы льащIэм,
Уэ кьыплъыкIэр кхъэ мащэ лъы защIэрщ.
Уи гущхъэ дыдэм хэсIун папщIэ си сэр,
КьыздэIэпэлъкъуащ сэ Лейлэ и псэр,
КьыкIакъым зыри, уельэIуами Тхьэм,
Зэхихьажьм уи лъэIур Алыхьым.
КьыпхунщIакъым Бегъымбарми гущIэгъу.
Джаурым и гуэныхьхэр кьыхуэмыгъу.
Абы и лъэхъуэм хуэмыгуэзэсам
УщыгуГъат, уи псалъэр уэгум нэсу.
Абрэжьр гуэр щыкIу зэхуэсщэу,
Куэдрэ сыпэплащ сэ мы меданым,
Иджы насып жьыхуаIэр зыхэсщащэу,
Пысщэжьынущ адэкIэ гъэзгуанэм».
.....

Махьшэ чэруанхэм ящIэхэль уэзджьынэм
Я макъ зэпIэзэрыт кьоIукIыр губгъуэм.
Хьэсэн и анэр щхьэгъубжэ абджьынэм
Пхрыплъу хопльэр губгъуэм щхьэщыпль
пшагъуэм.
ЕльагъуэР зэрыщхъуантIэр губгъуэр,
ЩхьэхынэI дыдэу кьызэрыблэр вагъуэр.
Кьэбгъэльащ пщыхьэщхьэ зэхуэзгъэгъэр,
Ауэ зыгуэрым игъэхыщIэу и гур,
И нэр фIытоплъызэ унэ льэгум.
Анэр, дэкIуеяуэ чэщанэм,
Щхьэгъубжэм доплъыр кьытемыкIыу и нэр.
«И кьэсхьыкIыуэт, сыту пIэрэ кьыщIэгъуэр?
Иригъэшауэ махуэ хуабэзвэхым
Дыгъэр тIысыхукIэ зиIэжьэнкIи мэхъу,
Кьежьэным и пэкIэ льыхъу,
Саугъэтыр сыт кьыщIимыльэхьыр?
Е и гухэлъыр кIуэдыжа, гъуэбжэгъэщэ пщIыхьу?
Хьэуэ! Месыр, шур кьытохьэ гъуэгум,
Месыр, кьытехьакIэщ бгым и щыгум,
Иджы кьэсакIэщ бгым и лъапэм,
Сольагъур - кIэрыщIащ и уанэ кьуапэм
И саугъэтыр. Сыделэщ,
сытыт щэч кьыщIытесхьэр
Щауэм и саугъэтыр кьызэрахьым?
Иджы абы и гугъуехьыщIэу
Хуэфащэу кьылъжьауэ пщIэ хузощIыр».
Куэбжэм кьыIухьауэ йопсых шур,
ЗанщIэу нэм кьыIундэзу зэрещар.
Нэщхьейуэ щхьэ зэхуэфа и нэгур? -
Кьытехьэльауэ кьыщIэкIынущ гъэзгур.
Цейм лы Iэпапlэхэр тольагъэуэр бжьыгъэу,
Шы зытесыр ящIагъэнщ уIэгъэ.
Щум цей кIэ кьуащIэр кIэщIеIэтэ,
Нэщхьей дыдзэу кьыщIех саугъэтыр.
Апхуэдэ ирельагъу узижагъуэныи -
Щум кьыхуихьащ кьыхэнэжар
Хьэсэн и щыгъыным.
- Си гуащэ! Уи кьуэ насыпышIэм
ПэшэгъуящIащ фыз Iиманыншэ.
Си гур щIэгъуауэ, сфIэгъэныхьу
Аракъым кьезыгъэлар сэ си щхьэр.
Си псэр хуэпабгъэрти льыщIэжьам,
Сыхуейт и тыгъэр кьыфIэрызгъэхьэжу
Згъэтыншыну зауэлI хахуэм и псэр.
И гъащIэр ирырехь хьэдагъэу
Джаурым! Псори араш зи ягъэр!
.....

Мывэм кьыхущIыкIащ и щхьэфIэпхыкIыр
Удз дзжейм сыным зрешыхьэкIыр.
Мыбдеж уэсэмэхэм щыхуагъэуэ сыным
Тетха сатырхэр кьрахаш КъурIэным.
Бегъымбарым и кьуэ пажэхэм ящIыщыр
ЩаукIа щIыпIэр хуэхъужащ кхъэ мащэ.
КьыпэплI э пэтми Мэчэр и кьэжьщIым,
Апхуэдэ щилъагъужьнукъым и гъащIэм.
ТекIакъым зэп исльамым и хабзэм,
Псэуащ и гур бегъымбарым хуэкьабзэу.
Тету и диным кьигъэувхэм быдэу,
И кьэрэмт шагъыыр, фадэр.
И гупэр игъэзат кьаблэмкIэ
Ар джаур Iэщэм кьыщIиуКIым.
Хунэмысами ящIэжьну и льыр,
Ахъратым зкъэнэтыр кьыщIыпоплъэ.
Хур пщащэхэм я пльэкIэ дыхьэрэнным
УЭгур щхьэжьIэплькIэу зэщIагъанэ.
Кьапкърих лъагъуныгъэ жьэражьр
Зыхуахьумамкьыпэрахьэжьэу.
ГъащIэм щигъэва псом кьапэIуа тыгъэу
Апхуэдэр хэти зыщIэхъуэпс ухыгъащ.
.....

Лы фIей зыщIэт епцIыжакIуэ,
Укьелмм узыхэт бэлъхьым.
Лейуэ зепхьар кьыпщIимыгъакIуэу,
ПсэхэхьмI и щэмджьм фIихьынщ уи щхьэр.
Араш ун натIэр, псэху имыIэу уи гум,
КьыхамыгъэжькIыу псэр мафIэ жьэражьм,
Мы гъащIэм щыблэжьахэм я Iэужьу
Упрысынущ Iиблис и жьэгум...
Гуэныхьу упшынынухэм я щцальэр
Уи гъащIэ щыблэжьахэм я щцальэр
А псор кьэхъуынм и пэкIэ кхъэ мащэм
УкьикIыжьынурэ щIэрщIэу,
Хеиль уефэнщ уи гуращэу,
КьыппущэжьнущI дуней гъащIэм.
ЗыхэбгъащIыкIуэу жэщ мазэхэм и пшагъуэм,
УихьэнурэУн бынхэм я унагъуэм,
ЖьыхьэнмэЗ мафIэм уи псэр игъаблэу,
Уефэнщ я лым кьыщIэхьуа уи щIэблэм.
Уи гугъэжу зыми укьымащIэ,
ЯфIэпщIыкIыу кIэщI я дуней гъащIэр.
ЛIэным и пэ ахэм ялъжьIнущ
Уэ уХэтми укъащIыхужьыну.
Уи щIэблэм, пытыхуи зыгъэрым и псэр,
Хьэрэм ущIыуэ пхуигъэщIыщIыщ гыбзэр.
Упрхьу насыпышIэм тхъэIухудым
И закъуэщ, укьильытауэ адэу,
И дуней гъащIэм пыкIын и пэ
КьыпхуэзыщIынур Iэплl э гуапэ.
Уи пхъум трихьынурэ уи псэм щIыIухур,
УигъэльагъунущI дунейр зэрыпэхэр.
Ауэ абыкIи ихухынукъым бэлъхьыр,
ПльагъунущI зэрыужьхьхыр нэкIу быхьэрэныр,
Гъауэ

● ДифI догъэлъапIэ

Бэнакlуэ, гъэсакlуэ Іэзэ Уэлджыр Чермен

Зи къаруи гуащи щымысхьыжу мыхьэнэ зиІэ, сбэн зыпылъ Іуэху зэрилэжьныим хэущIегъэ, нэхъыжьхъэм я нэмысымрэ щIыхьымрэ зыхъумэ, щIалэгъуалэр фIым хуэзыгъасэ цIыхум лъэпкъыр нрогушхуэ, нропагъэ. Апхуэдэхэр - нобэрей гъащIэм къиГъув гугъуеехьэм щымышынэу ерыщу япэкIэ кIуатэхэр Къбэрдей-Балъкъэрым щымащIэхьым. Абыхэм ящыщщ СССР-м спортымкIэ и мастер, Урысейм бэнэкIэ хунтымкIэ щIыхь зиІэ и тренер, физическэ щэнхабзэмкIэ ди республикэм щIыхь зиІэ и лэжьакIуэ Уэлджыр Чермен.

НАЛIЫК къалэ и Балъкъэр уэрамым тет спорт унэм, бэнакIуэхэр щагъэхэзырым фIэлъщ спорт лIэужьыIуэ зэхуэмыдэхэмкIэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа чемпионхэм я сурэт. Абыхэм яхыбольагъуэ Чермен ейри.

Чермен и адэ Аубэч НКВДм щылажьэрт. И пщэм кьалэн куэд кьраръхьати, жэщмахуэ имыIэу и ужь итт ахэр зэригъэзэщIэным. Абы кьыхэкIыу, унагъуэ гугъуехьхэр зи пщэ кьыдэхуэр анэрт. Тамарэ осетин лъэпкъым щыщ пэтми, кьуажэдэхэм ягъэщIагъуэу адыгбзэр зригъэщIат. Хэку зауэшхуэм и ужь илъэсхэр хьэлъэу щытами, абы и бынхэр зыхуей хунгъэзащ, щIыхугъэ яхэлъу, Хэкур фIыуэ яIагъуу игъэсащ.

1947 гъэм Тэрч къалэ къыщалъхуащ Чермен. Илъэсищ ныбжьым иту, и унагъуэр Акьбащ Ипщэ Іэпхъуэрн, и сабингъуэрри щалэгъэгъэри абы щигъэкIуащ. Кьуажэ сабийхэм я гъусэу Чермен уэрамым кьыщIэжьыхьырт, и ныбжьэгъу цIыкIухэм ебэнырт, пщыхьэщIхьэ хьуху губгъуэм топ щыдэгъурт.

И кьуэщ нэхъыжьым ар куэдрэ здишэрт Тэрч къалэ бэнэкIэ хунтымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм. ЩIалэ цIыкIур абыхэм щеплькIэ, зыIэпищэрт, езыри щIэхьуэпсырт бэнэну. псомэ ятекIуэу щытыну.

И ныбжьыр илъэс 15-м ипу щIалэр кIуащ СССР-м бэнэкIэ хунтымкIэ спортым и мастер, тренер Гъуо Михаил и дежь. Килограмм 40 фIэкIа мыхьу щIалэ Іэмащ Іэтъэмащ Іэм зыгуэр ящхэкIынкIэ щымыгугъышцуи кьыщтат гъэсакIуэм.

Курыт школыр кьнуха нэужь Чермен щIэтIысхьащ Ордженикидзе (Владикавказ) дэт Осетие Ищхьэрэ мэкъумэщ институтым. Абы щеджащ СССР-м, Европэм, дуней псом я чемпионэху Хугаев Лев, Икаев Эльбрус, Тедеев Елкан, Темироев Александр, нэгъэщIхэри. Бекмурзов Михаил и гъэсэну, интьэнтIкIэ бэнэкIэ хунтым и щхэхуэ зригъэщIащ Чермен. Урысейпсо зэхьэзэхуэхэм мыхьэмытIэу ехьулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьащ икIи 1973 гъэм абы «СССР-м спортымкIэ и мастер» цIэр кьыфIащащ.

Дзэм кьулыкъу щищIэу кьигъэзэжа нэужь, Уэлджырым КъБКъУ-м и мэхьэмэш кьудамэр инженер-механикыу 1976 гъэм кьиухащ. Илъэсиблым щигъэкIэ ар щыпэжьащ «Мэкъумэщтехникэ» базэм.

АрщхьэкIэ, щIыхь ерыщым бэнэныр игу ихуртэкъым. ЛэжьапIэ Іэнатlэ зэрыбутым хуэдэу, ар щыбэнаш Урысейм и щIыпIэ куэдым, екъулIэныгъэхэм яIэкъым. ИужькIэ Чермен тренер Іэщlагъэм зритащ.

Цыхум и хьэлщ блэкIам хуеплъэкIыжу, и сабингъэр, щалъуа щалъуа щIыпIэр, и ныбжьыгъуэр, езыгъэджэхэр игу кьигъэкIыжу. Чермени апхуэдэхэм ящыщщ.

- Акьбащ Ипщэ, Урожайн и къуажэхэм дэт школхэм, БахьсэнIэС жыпIэу ар зэтернатым сыщеджащ, - жеIэ Чермен. - Ныдеджэхэри егъэджакIуэхэри сигу ирихьу, псом хуэмыдэу дин класс унафэщIу щыта Тен КIуатIэ, адыгэбзэмкIэ дезыгъэджа ТхьэилI Ахьмэд сыиэ. Анэдэлъхубзэр, лъэпкъ литературэр фIыуэ сщIэнымкIэ ахэр сэбэп кьыхсуэхъуащ. Адрей спорт лIэужьыгъуэхэми хуэдэу, и зэманыр кьэса нэужь, зэгуэр бэнэнри щумыгъэту кьуркъым. СхуэзэIэмыкIахэр, сыздынэмыса лъагапIэхэр си гъэсэнхэм кьайхьулIэмэ, ар сэркIи ехьулIэныгъащ. Аращ тренер Іэщlагъэм зыщIесщIытар, И гъэсэнхэм я Іэзэгъкlэ, я зэфIэкIкIэ гъэсакIуэр кьыпхуэщIыхунущ. Сэри си Іэщlагъэм зэн сытеукIытыхьакъым. Си гъэсэнхэм ящыщу 20-р СССР-м, УФ-м спортымкIэ я мастер хъуащ.

Джылахьстэнейм щыщ адыгэлIыр, гъэсакIуэр Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысейми, нэгъэущI къэралхэми къыщащIыху. Абы и пщIэр нэхъри лъагэу яIэтащ и гъэсэнхэм: Жэрыщты зэкъуэшхуэ Анзоррэ Сэфарбийрэ, Мунчаев зэкъуэшхуэ Мусэрэ Багирэрэ, Гаджиев СулътIан, Брай Рустам, Бажэ Заудин сымэ. Жэрыщты Анзор япэ увыпIэр кьыщихьауэ щытащ Ташкент щекIуэкIа спартакиадэм. Абы и къуэш нэхъыщIэ Сэфарбий илъэс 17-м иту спортымкIэ мастер цIэр кьыфIащауэ щытащ. Кавказдэм щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм Бажэ Заудин япэ увыпIэр кьыщихащ.

Цыхум и фIагьир езым зэрызибжьыкьркъым, атIэ нэгъэущIхэм кьыдэратыхэр зэрэщIэлъ. Уэлджыр Чермен текъуэри щыгъхьу псалъэ куэд зэхэпхынущ. Алыдж-урым, бэнэкIэ хунт, лъэпкъ бэнэкIэхэмкIэ СССР-м спортымкIэ и мастер, УрысеймщIыхь зиІэ и тренер Іэкlурей Николай кьелъытэ Уэлджырыр адыгэлI нэсу, абы теухуа гукъэкIыжхэри иІэщ.

- ЗэрыжаІэщи, цыхум гъащIэ гъуэгуанэ икIуар зыхуэдизыр кьыдэратытэр кьиГъэщIа илъэсхэракъым, атIэ кьызыхэкIа лъэпкъым, и Хэкум папщIэ илэжьа Іуэхугъэхэмкlэщ. Лъэпкъым зи сэбэп екIахэм ящыщу кьызольытэ Уэлджыр Чермени. Нобэ хуэдэу сощIэж щIалэ Іэгъур-лъэгъур щыкIу ар, бэнэкIэм зыхуигъэсэн мурад иІэу, «Трудовые резервы» зэгуэхэныгъэм и спорт комплексым ныщIыхьауэ щыщытар. Жьышхуэ кьелупсэ, ирнуфыну нэхъапэм фэ зэсплъар нэгъэущI зыгуэру кьыщIэкIыжащ. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ мыщхьэхыу, Іэдэбагъ хэлъу гъэсакIуэм и чэнджэщхэр игъэзащIэу, кьыдэрыхагъащIэм нэхъри нэхъыбэу езым хигъащIэу бэнэныр иригъэжьащ. Куэдым абы гу льатат, - кьыдогуашэ Николай. - Мыгувэу, ди республикэми СССР-м щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм ехьулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэуэ, саугъэтхэр кьыщихащ. Си гум кьынащ Башкирием Юлаев Салават и цIэкIэ щекIуэкIа щыта дунейпсо зэхьэзэхуэр. Абы Чермен зыкъыщигъэлъагъуащ зэфIэкIышхуэ иІэу. ИужькIэ СССР-м щекIуэрэ и чемпион хуэда, Дагестэным и бэнакIуэхэр XXX Олимп Джэгухэм зэхэзыгъэхэзыра Юсупов Маирбэч хигъэщIат. ГъэкIэм гъущI кьэплъар псым хиІуурэ быдэ зэрищIым ещхьу, Чермен и Іэпкlэтlэпкlыр, и хьэлэмэт щIэнр жырым хуэдэу езым испсыхьажащ. Си гъэсэным, си ныбжьэгъуфIым и ныбжьыр фокIадэм и 27-м илъэс 65-рэ ирокъу. Ауэ ар япэми хуэдэу, жыдэкрэ мэлажьэ. Си гуапэщ, фIыуэ илъагъу тренер Іэнатlэм уэлыншагъэ иІэу иджыри куэдрэ пэрытыну.

Илъэс куэд хъуауэ Уэлджыр Чермен и кьарур ирехьэлIэ щIалэгъуэлъауэр спортым кьыхэошэным, щIэблэ уэзыншэ диІэным. Абы теухуауэ ди республикэм, нэгъэущI щIыпIэхэм кьыщыдэкI газетхэм, журналхэм тхыгъэ куэд кьыдетхуащ, уеблэмэ, тхыльэ щхьэхуэхэми кьыщащ. А псоми щыгъуазэ защIыхэпщIкIэ, а гъэсакIуэр нэхъри гунэс пщIохьу.

«Спортсменым и текIуэныгъэр щIэпкъым и щIыхьщ», - етх Чермен теухуауэ «Северный Кавказ» газетым 1995 гъэм къыдетхуа тхыгъэм. «...Зыбгъэсэнщ, гугъу зебгъэхьынщ, абы текIуэныгъэхэри къыкIэлъыкIуэнщ, чемпион ухъунщ», - Чермен и гъэсэн Жэрыщты Анзор жриІауэ щыта псалъэхэр кьыщыхьащ «Советская молодёжь» газетым 1984 гъэм и зы кьыдэкIым. «Чы лантIэр нэхъ тынщу кьызэрыбгъэщым хуэдэу, сабийри нэхъ щIалэхэу нэхъ тынщу пхуогъасэ», - щитхащ Чермен, и гъэсэн Бажэ Заудин текуэхуэу 1987 гъэм «Ленин гъэзету» газетым тета «Нэхъыщ Іэфl» тхыгъэм.

БэнакIуэ, гъэсакIуэ куэдейм кьыщымынэу, нэгъэущI лъэныкъуэкIи зи кьыщигъэзэгъащ ди лIыхъужьым. Абы и щIыхьэтщ Чермен кьыдигъэкIа «Уэлджыр лъэпкъым и тхыдэ» тхыльыр.

Уэлджыр Чермен спортым щызыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэр кьэдкI и фIыгъэщ и мурадхэр, и ІуэхущIафэхэр сыт щыгъуи хуэзыгъэдахэ и щхьэгъуэ Рае. Ар экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Къбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэщ.

Нобэ илъэс 65-рэ ирокъу Уэлджыр Чермен и ныбжьыр. А махуэ лъапIэм зрагъэхьэлIэнущ куэдым. Уэлджырхэр я унагъуэм махъсымэ фальи щIэтыныщ, псалъэ гуапи щыжаІэнущ, адыгэ пшынэри щыбзэрбзэнущ.

Дэрэ а хъуэхъуэм щыдгъуну ди гуапэщ, узыншагъэ иІэу, унагъуэ насыпыфIэу, и щIэблэр багъуэу, гуфIэгъуэ щымышIэу псэуну Алыхьым дызэрыхуелъэIур. Уэ, Чермен, пхуэзфIэкIар зы гъащIэм дежкIэ куэд пэтми, уи мурадхэм дежкIэ мащIэщи, абыхэм уальэIэсыну Тхьэм жиІэ!

СОКЪУР Жамболэт,
Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэфхьэныгъэм хэт.

● Псапэ

Гукъыдзкрэ хуабагъкIэ ядогуашэ

«Урысей зэкъуэт» партым и къудамэу Бахьсэн районым щыIэмрэ районым администрацэмрэ я жэрдэмкIэ Нартэн дт школ-интернатым псапащIэ Іуэху щекIуэкIащ. «Ди гукъыдзкрэ хуабагъэмкIэ дыдэгугъэну дыкъэкIуащ», - жиІащ Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхьуебэч Анзор.

ШКОЛ-ИНТЕРНАТЫМ и гъэсэн 214-м папщIэ ерыскъыпхъэ, хьэпшыпэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэхуэхьэщащ районым. КьытраухэмышIауэ, щIэнхабзэм и лэжьакIуэхэм концерт ягъэхьэзырат. Гукъыдзж зиІэхэр ар-тистхэм кьадэфащ, щIалэхэмрэ хьы-джэбзхэмрэ джэгу-зэпеуэхэм хэтащ, сауТэт зэмылIэужьыгъуэхэри кьыхьащ.

- Сабийхэм я нэгум гуфIэ ипльэгъуэныр фIыгъэшхуэщ, - кьыддэгушащ «Урысей зэкъуэт» партым и район кьудамэм и гъэзэщIакIуэ гупым и унафэщI **Дышэкl Жанэ.**

Бахьсэндэхэр щIыхуГъэкIэ, хьэлэлагъкIэ адрейхэм кьахэжаныкъым Іуэху зэрыщытыр, псапащIэ Іуэхум и кьыгъэзэгъащIкIуэхэм фIыщIэшхуэ зэрахуищIыр жиІащ школ-интернатым и унафэщI Алишанов Алисультlан.

АЛОКЪУЭ Арий.

Гульытэнщэ хъуахэм ядоІэпыкъу

КъБР-м и Муслымэнхэм я Іуэхущ Іапl Іэхэм ерыскъыпхъэ тощ 48-м нэблагъэ мы махуэхэм яхуригъэпащ сабий зеиншэхэр, зи ныбжь хэкIуэтахэр, унагъуэ хуэмыщIахэм кьахэкIаХэр щапIыж унэхэм. Абыхэм щыпсэу дэтхэнэри щигуфIыкIащ ащ апхуэдэ тыгъэм.

ПСАПАЩIэ Іуэхум хэтащ кьалэхэм, куейхэм я молэхэр. Кьыщыпэмыщащ, кьуажэдэр хуэмыщIахэм ерыскъыпхъэкI зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэщащ. Муслымэнхэм я Іуэхущ Іапl Іэр, хабзэ зэрыхуэхъущащ, сыт щыгъуи яужь итщ цIыху нэхъыбэм зэрадэIэпыкъуным. Апхуэдэу муслымэн зэгуэлъныгъэ 160-м щIигъэм хьэжьгъэу, фошыгъэу, прунжу килограмм бгъущIбгъущ хурагъащащ.

СириемкIи къжауэ диреспубликэм щыпсэухэри гульытэнщэу кьыгъэкIым. Кьахэзэщыпхъэщ ерыскъым щыщ Іыхьэ Кавказ Ищхьэрэ Испаным еджапIэ нэхьыщхьэм щIэхэмэ зэрыльатъхэр. Псапащ Іуэхур, зыжащIэкIэ нэхъ мыхъуми, зыпльэ Іэса дэтхэнэми абы и кьызэгъэпщащкIуэхэм фIыщIэшхуэ хуащIащ.

ИНЭРОКЪУЭ Дин.

● Футбол

Урысейм и Кубок зэпеуэ

Дапэлъэщакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Терек» (Грозный) - 1:3. «Налшык» стадион. Фокіадэм и 25-м.

ИПЭ ита зэпущIэм ди футболистхэр Волгоград и «Ротор» командэм зэрэщыткIуам и лъэр щIигъэкIагъэ нэхъри тригъэгушхуауэ и хьэрхуэрэгъуэр кьригъэблэгъащ «Спартак-Налшык» командэм. Арщхьэкlэ, аргуэру наIуэ хъуащ ди футболистхэр джэгуным иджыри зэрыхуэмыхьэзырыр.

Урысей чемпионатым и премьер-лигэм бжьыпэр щызыIыгъ «Терчым» и тонджэгу Комаровский Мартин зэIущIэм и 5-нэ дакьикъэм бжьыгъэ кьыхэзыIуихащ. Ди футболистхэм захьумэжьыныр кьайхьулIэртэкъым, уеблэмэ, хьэрхуэрэгъуэхэм ялъэщIыхьэртэкъым. 21-нэ дакьикъэм Идуассель етIуанэ топыр ди гъуэм дигъэкIащ. Абдежми кьыщызэтеувыIакъым. Джэгугъуэм и ятэ Іыхьэр и кIэм щынэблагъэм, 42-нэ дакьикъэм, ещанэ топыр кьыкIэлъыкIуащ. Ар дэзыгъэкIар Уциевыр щ.

Ди тонджэгуэм зэхэщIакъэзауэ етIуанэ Іыхьэм щIидзэжащ икIи хьэрхуэрэгъуэхэр ирагъэкIуэту уеужьащ. Джэгуп Іэм кьихьа ди футболист Сирадзе Давид 50-нэ дакьикъэм икIэм- икIэжьм «Терчым» я гъуэм зы топ дигъэкIащ. Аущ абы пащэну Іэмал яГъэтакIыным икIи бжьыгъэ 3:1-уэ хъэщIэхэм тфIахьэхуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, «Спартак-Налшык» командэр Урысей Федерацэм и Кубокыр кьэхъыным щIэбэнэхэм кьаехьащ. Адэкlэ абы и кьарур хуэзэщIагъэуэн хуеиІ. ФНЛ-м и Урысей чемпионатым. КьыкlэлъыкIуэ зэIущIэм ди топжэгуэм я хьэрхуэрэгъуэнурэ кьыззэрыгуэжькьым - жэпуэгъуэм и 2-нэ Налшык кьэдУу дивизионым щыпэрыт «Томь» командэр. Дэрэжэгъуэ яІэу текIуэныгъэм хущIэкъун папщIэ, стадионым дыщыззэхуэпъэси, ди футболистхэр дыкъэзгъэгушхуэ!

КЪУМБЭЧОКЪУЭ Албэч.

Кавказ Джэгухэм зыхуагъэхьэзыр

Фокіадэм и 28 - 29-хэм Налшык къалэ щекIуэкIыну «Кавказ Джэгухэр-2012» щIыналъэ зэхуэаку щынхабзэ-спорт фестивалым мы махуэхэм жыджэру республикэм зыщIахуагъэхьэзыр. Абхъазым и утым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьыхь щIыналъэхэм я лъэпкъ пщIантIэ лъапсэхэр щагъэув. Апхуэдэу ди республикэм и «пщIантIэм» дэтыныхэм ящыщщ бдзэжьей эмылIэужьыгъуэхэр зыхэс псы гуэныр.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Егъэджэныгъэ

Студентхэм я бжьыгъэр ягъэмащIэ

2015 гъэм ирихьэлIэу Урысейм и студентхэм я бжьыгъэр мелуаным нэблагъэкIэ ягъэмэщIэнущ. Іэщlагъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным хуэгъэпса программэхэмкIэ ирагъадджэхэм я бжьыгъэр мелуани 6,3-м икIынурэ 2015 гъэм мелуани 5,5-м нэсынущ.

АПХУЭДЭ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ кьыдагъэхуэну мыльку щIэныгъэм хуэпабгъэу, еджэну хуеIэхэм лейуэ трагъэкIуэдэныр нэхъ игъуэу кьалъытащ. Зым и дежкIи щэхуэкъым мы зэманым еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэныгъэм сыткIи пэжыжьэ студент куэд зэрыщIагъэтIысхьэр. Абыхэм зи Іэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI лэжьакIуэ кьахэкIыныи фIэщщIыгъуейщ.

2013 гъэм кьыщыщIэдзауэ «Егъэджэныгъэм егъэфIэкIуэн» къэрал программэм и япэ Іыхьэм лэжьэн щIидзэну мэгугъэхэр. 2013 - 2020 гъэхэм нэсыху абы трагъэкIуэдэнущ сом триллиони 5,5-рэ. Абы и процент 85,7-р Іэщlагъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапl Іэхэм я зыужьныгъэм халъхьэнущ, адрейр зи школ кIуэгъуэ нэмысахэм ядэлэжьэным ягуаутIыпщынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Прохладнэ къалэ

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа ныбжьыщIэхэм папщIэ

Прохладнэ къалэм щыIэ курыт школ №1-мрэ гимназие №6-мрэ епхауэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэр зэкIуалIэ Іуэхущ Іапl Іитlым и кIэм щыблагъэ гуп щхьэхуэхэр щалыгъыну пэщэр гъэхьэзырыным хуэунэтIа лъэкьыгъэхэр. Гуп кьэскIэ цIыху 20 хэтынущ.

СЫТ и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу кьызэрагъэпэщащ щыжеинэу, щыджэгуну пэшхэр, абыхэм щагъэгъуэващ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр. Район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Сухневэ Ольгэ зэрыжиІамкIэ, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэм, пэшхэр зыхуей хьэпшыпхэмкIэ кьызэгъэпэщыным сом мин 500-м щIигъу текIуэдащ. Іуэхур тэмэму зэфIэха хъунымкIэ дэIэпыкъуэгъэшхуэ хуэащ сабийхэм я адэ-анэхэри.

Абы кьыщыпэмыщIауэ, кьалэ администрацэм и унафэкIэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м екIуэкIа (Дэпэпыкъуныгъэм и эманащ» псапащIэ Іуэхум кьыхэкIа мылькумкIэ а Іуэхущ Іапl Іэхэм хэт медицинэ пэшым, пщэфIапl Іэм зыкъыкIуэ хьэпшыпхэр кьыхуащэхуащ, хьыринэ, нэгъуэщI щыджэгуну щыпIэхэр щыбым щагъэващ.

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкIуалIэ Іуэхущ Іапl Іэу Прохладнэ кьалэм 20 дэтщ. Илъэсрэ ныкъуэ кьыщыщIэдзауэ илъэси 7 ныбжьым нэс сабий 2777-м абыхэм гъэсэныгъэ, зыужьныныгъэ зэхуэмыдэхэр щагъуэт. Апхуэдэу я Іуэхущ Іапl Іэхэм кIуэн хуейуэ чэзум щытщ цIыкIу 580-рэ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Судыр хэплъэху

КъБР-м и прокуратурэм игъэбеджьлащ Интернетым и Хьыбарегъащ Іэ-телекоммуникацэ сетым щызэбграгъэха «Муслымэнхэм я хеягъэр» («Невинность мусульман») видеофильмым республикэм и щIыхухэр щымыгъэуэн щхьэкIэ щIапхъэхэр.

ИНТЕРНЕТ сетыр щыщIапщытыкIым наIуэ зэрыхъуащи. «You Tube» сайтым, нэгъэущIхэми иралъащ мусульмэнхэр зыгъэпуд, абыхэм я гъащIэм мыхьэмышIэу тепсэлъыхь видеофильмыр. Ар хуэгъэзащислъам динри ар зыІыгъхэри мылъхуэс хуэдэу кьащIигъэхьун мурад пыухыкIам.

«Экстремист хъэгъащхэм япэщIэтыным и Іуэхукl» 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м кьащта федеральнэ закон №114-ФЗ-м ипкъ иткIэ, дин лъагъымыхъунытым кьыхуезыджэ, нэгъэущI диным ит щIыхур зыгъэпуд, зыр адыгэм езыгъэфIэкI Іуэхугъуэр, псалъэр экстремист хьэгъащагъэу кьалытэ. Урысей Федерацэм и Іуэхущ Іапl Іэм ещхьгъэхуэр щызэбграгъэхьыу, щагъэхьэзыру икIи щахъуэмэу ядэркъым.

УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм судым зыхуигъэзащ «Муслымэнхэм я хеягъэр» видеофильмыр экстремист хьыбгарэ Іу тхыгъэу кьызэрилытэм теухуа тхылъкIэ. А тхыгъэм экстремист нэщэнхэр зэрыхэлъым, Интернетым щызэбграгъэха нэужь, жылагъэр кьызэрызэщIиІэтам кьыхэкIыу, КъБР-м и прокуратурэм Интернет сетым и республикэ провайдер нэхьыщхьэм хуигъэуващ УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм зэрызыхуигъэзам судыр хэплъэху ар зэхуащIыну.

КьыщынэмыщIауэ, кьалэхэм, районхэм я щIыналъэ прокуратурэхэмрэ Роскомнадзорым и Къбэрдей-Балъкъэр кьудамэмрэ апхуэдэ пщIэнтIэ ящащIащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапl Іэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛегИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъбжIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщрмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьыныгъэ Іуэхущ Іапl Іэхэм ядлэжьыныгъэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пысымэхэмкIэ - 42-22-88; еъуджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзэIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэх Іапl Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщащIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм ящу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпащIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьэмэныжьыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапl Іэм №Н-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Сонэ**, редактору **ЩIхьэщмыщI Иэ**, корректорхэр **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Пхытlыкl Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.).* Корректорхэм я дэпкъыкъэгъу **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэн сыхьэт 20.00-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.102 ● Заказ №2570